

MARYAJ AK DIVÒS



Annou bese tèt nou kounye a pou yon moman priyè. Trè Bon Papa, nou remèsye W maten an pou privilèj sa pou nou isi a nan oditoryòm sa, ap fè fas a rezilta jounen an. Men nou pa konnen kisa jounen an kenbe, men nou konnen Kiyès ki kenbe jounen an. Kifè nou priye ke Sila Ki kenbe jodi a ak demen, ak tout Letènite, va beni nou jodi a pandan nou rasanble ansanm nan Non Li, pou nou te ka konnen pi byen kijan pou n viv pou sèvi L. Sa se tout entansyon nou, Papa. Bondye, Ki konnen kè nou, konnen sa se vre. Nou remèt tèt nou ba Ou, ak pati ki pi devan nan jounen an—an, pou sèvis Ou, nan Non Jezikri. Amèn.

2 Nou mèt chita. (Mèsi. Men yon lòt isit la.)

3 Bonjou, oditwa vizib epi tou oditwa envizib ki konekte avèk nou maten an atravè peyi a. Se yon gwo privilèj pou mwen pou vin isi a epi pale maten an sou sijè enpòtan anpil sa a. Pou oditwa vizib la, sa vrèman ap bay yon ti kras konfizyon, paske jis devan m lan gen rido, alò mwen dwe pale adwat mwen epi agòch mwen. Epi pou oditwa envizib la, mwen gen oditoryòm lan sou bò dwat mwen, epi tou jimnazyòm lan sou bò gòch mwen; epi mwen sou platfòm lan, ak rido yo louvri nan mitan, sa vle di bò dwat mwen ak bò gòch mwen. E nou debòde ak moun, maten an, nan oditoryòm lan, nan jimnazyòm lan tou, epi tou legliz la, legliz laba a sou Uityèm ak Ri Penn lan. E nan lòt kote yo, se sistèm telefòn lan ki konekte nou ak lòt kote yo.

4 Nou te pase yon moman fòmidad nan Seyè a, e nou nan gwo atant pou sèvis sa maten an. E kounye a aswè a kòm se tan pou fini kat jou kanpay sa yo, enben, sètènman nou envite tout moun, ki kapab, pou yo isi a. Nou gen konfyans ke Seyè a pral kouwone tout bagay yon gwo fason aswè a nan fè yon bagay ekstrèmman ekstraòdinè, tèlman Li t ap geri tout malad yo epi fè gwo bagay ke Li abitye fè yo. E nou nan gwo atant pou aswè a. Nou envite piblik la ak tout kè, tout moun, chak legliz nan chak denominasyon. Ou pa menm bezwen yon Kretyen; sètènman n ap rele pechè yo pou yo vini, chita nan mitan nou. E nou fè tout sa nou kapab pou anseye yo ki sa ki chimen Seyè a, pou nou ka jwenn lavi.

5 Bon mwen espere ke oditwa a pa pral sou tansyon. E mwen gen konfyans nan Bondye ke mwen pa pral sou tansyon, paske mwen te pase yon nwit terib, anpil tansyon. Paske mwen reyalize ke bagay ke m ap di maten an pral retni kont mwen nan Jou Jijman an, e mwen—mwen pa t ka dòmi, e mwen konnen si m pa di yo l ap retni kont mwen nan Jou Jijman an. Alò sa rann li difisil, ou pa ka eksplike sa.

⁶ E kounye a maten an nou dwe egzaminen gwo sijè sa a sou *Maryaj Ak Divòs*. E rezon ki fè mwen fè l nan lekòl dimanch, se pou nou ka pale sou sa epi pran tan nou, olye pou m preche yon sèmon sou li. Se yon ansèyman ki soti nan Lekriti.

⁷ E mwen—mwen vle di ke, si nenpòt predikatè oswa plizyè predikatè, nenpòt kote, si jamè bann sa ta tonbe nan men yo, si nou kite bann sa soti. . . Mwen pa konnen kisa legliz la pral fè sou sa. M ap mande Frè Fred pou l wè konsèy legliz la anvan li kite bann sa soti. E pou noumenm moun atravè peyi a, ki gen aparèy kasèt yo, tanpri pa kite bann lan soti anvan nou tande Frè Sothmann sou sa.

⁸ Bon, e si yo ta dwe kite l soti, epi nenpòt nan frè minis mwen yo, oswa yon Kreyen nenpòt kote, pa ta dakò sou bagay m ap di sou sijè sa a, mwen—mwen espere ke nou p ap kritike Li. Si w pa konprann Li fason ke m anseye L la, ebyen, ou gen dwa pou sa, kòm yon minis, kòm yon bèje. E mwen respekte nenpòt bagay ke nou kwè.

⁹ E gen de gwo lekòl sou sa. E si gen de kesyon, swa gen youn nan yo ki dwe gen rezon, oswa youn nan yo pa gen rezon. Alò nou pral eseye gade Pawòl Bondye a, maten an, pou regle sa. Dapre mwen, si se yon kesyon ki gen rapò ak Bib la, se sèten Bib la gen repons lan pou li.

¹⁰ E kounye a jis anvan nou pran sa yo, kòmanse sijè sa, pito, anvan m priye sou Pawòl la, mwen vle eksprime bay nou chak, ke mwen. . . noumenm Kreyen yo espesyalman, ke m dezire. . . Mwen—mwen vle nou priye pou mwen maten an. Epi tout moun nan oditwa envizib la k ap koute maten an, priye pou mwen, paske mwen vle onèt epi di laverite.

¹¹ Kounye a nou reyalize, nan fè deklarasyon sa yo, ap gen yon moun, menm si se sèlman yon sèl moun, k ap akwoche fèm avèk Li tankou Sa te yon kesyon lavi ak lanmò. Gen anpil nan nou isi a ki prale tou kwè. Natirèlman, anpil nan nou, petèt, p ap kwè. Men mwen konnen, nan ministè m lan, gen moun ki vin koute m, e ki koute sa m gen pou m di; gen kèk, ebyen, yo chita isi a la maten an, yo soti nan anpil peyi, nan anpil kote nan Etazini, Kanada, ak lòt bò dlo. E nou ka imajine nan ki tansyon sa mete w, pou w konnen ke destinasyon Etènèl nonm sa repoze nan men w, paske li pral akwoche fèm a sa w di a. Kifè Bondye t ap fè m reponn pou sa, e mwen vle apwoche sa jis ak tout senserite ke mwen kapab.

¹² Kounye a mwen—mwen mande sè nou yo. E m te chanje kèk nan mo mwen te genyen yo pou m ka pale devan yo. Billy gen nan pòch li la a, maten an, kèk bagay ki pa t ka di devan yon—yon oditwa melanje. E gen kèk ke petèt m pral di, nou dwe konprann. Pran li tankou sa vini de—de frè nou an, nan sa k pi bon ke mwen konnen. Si w te chita nan biwo yon doktè pou koute l, li t ap gen pou l di w pawòl ki trè klè. E kèk nan nou jèn dam ak jèn gason

yo, mwen pa vle nou genyen yon move enpresyon. Mwen vle nou kwè, epi jis rete trankil. Sonje, Verite dwe deklare kòm Verite.

¹³ E, kounye a, pa gen dout ke pral gen anpil nan nou ki p ap dakò ak sa k pral di a, men mwen vle pwouve nou li pa Bib la. E alò mwen kwè, si w vle jis gen respè epi koute, alò ou va konprann pi byen epi ou va gen yon pi bon lidè sou sa m t ap atake a, depi tout tan. Mwen kwè ke sa pral eksplike l, e mwen espere sa.

¹⁴ Bon nou ka yon tikras long, inèdtan edmi, oswa petèt pi long, la a. Mwen pa konnen konbyen tan sa pral pran.

¹⁵ E kounye a ankò, m ta renmen di ke, nan tan sa a, ke, mwen konnen ke moun yo akwoche pawòl ou yo; yo fè l, pou pastè yo. E, natirèlman, mwen te yon pastè.

¹⁶ Epi yo akwoche pawòl yon pastè, jis tankou se te yon kesyon lavi ou lanmò. Yo akwoche pawòl prèt yo a, jis tankou se te yon kesyon lavi ou lanmò. E natirèlman, pastè a, petèt ak tout sa l konnen kijan pou l fè, l ap anseye pèp li jis egzaktman jan yo te anseye l nan seminè a; pa gen dout ke se menm bagay pou prèt la, tou, nan diferan relijyon yo ki gen prèt. Natirèlman, pastè a vrèman se yon prèt; li se yon entèsesè. Alò, si prèt la, nan tout sa yo anseye l nan pa l la, nan seminè a ak monastè yo, mesye a ak yon senserite pwofon ap di jis egzaktman sa yo anseye l.

¹⁷ Ebyen, alò, mwen pa gen okenn eksperyans seminè oswa eksperyans monastè, e mwen pa gen anyen kont sa ditou, men mwen gen yon lavi trè etranj.

¹⁸ Mwen te aple lè m te jis yon ti gason. E la yo te ban mwen yon siy vizib, ke m te tandè, yon—yon Kolòn Dife ki pandye nan yon touf bwa, nan laj sèt an, isit la menm sou Utica Pike la. Papa m t ap travay pou Mesye O. H. Wathen ki fèk mouri dènyèman. E nou te li liv la, nou konn istwa a. E depi lè sa . . . Laba a nan rivyè a lè sa a Li te parèt vizib devan moun yo. E bon yo te pran foto L, anpil fwa, e li pandye nan Washington, DC, avèk yon dwadotè, nan Sal Atizay Relijye yo, kòm sèl Èt sinatirèl ke yo te janm pran foto L avèk prèv syantifik; menm Kolòn Dife a, egzaktman nan menm aparans lan epi nan tout sans, ki te fè Izrayèl soti kite Lejip. Mwen kwè Se Jezikri nan fòm Lespri, nan fonksyon Pitit Bondye a.

¹⁹ Paske yo te rele L “Fis de lòm” lè Li te vini premye fwa a, kounye a yo rele L “Fis de Dye,” nan Milenyòm lan Li pral “Fis de David.” Li vini kòm Fis de lòm, yon Pwofèt, jan yo te pale de Li a; kounye a Li se Fis de Dye, nan sinatirèl la; nan gran Milenyòm ki gen pou vini an, Li pral Fis de David, ki chita sou twòn David la. Kòm tout lektè Bib la konnen ke sa se yon pwomès Divin ak Bondye, pou David, Li t ap sisite Pitit li a pou L chita sou twòn li a.

²⁰ E kounye a akòz ministè dwòl, etranj mwen an, yo te rele m tout bagay depi “Bondye” rive nan “yon demon.” E sa, se jis toujou konsa.

21 Se sa achevèk legliz Katolik sa te di m lòt jou swa a laba la a, pandan diskisyon an, li te di: “Frè Branham, Jan Batis te idantifye tèt li aklè nan Lèzekriti, jan pwofèt Ezayi te pale a.” Li di: “Ministè w idantifye aklè nan Legliz la.” Li di: “Literyen yo nan Bib la.” Li di: “Literyen yo te konn Luther. Wesleyen yo konnen Wesley. Men e Pannkotis yo?” Li di: “Y ap moute desann. Yo pa konn kote pou yo ale.”

Epi mwen di: “Mesye, mwen apresye sa.”

22 E se te tan sa Lespri a te tonbe sou dam lan, ki pat janm wè m, madanm li . . . epi Li te pale epi idantifye menm bagay yo.

23 Kounye a, pou m onèt, devan Mesaj sa a mwen pale maten an, mwen pa konnen. M te di l, m te di: “Mesye, m pa t ap ka di sa. Sa se yon gwo gwo bagay pou di. Sa sanble se sa.”

24 Yon bagay ke m konnen, se ke gen yon bagay ki te pase, definitivman. Tout bagay sa yo, jis, li pwouve sou pwouve syantifikman, epi toupatou atravè mond lan, sa pa ka jis yon mit. Se Laverite. Kisa l ye? Kite m di, konfese ba nou, anvan m pale avè nou maten an, mwen pa konnen. E m pa t ap oze fè okenn mouvman jiskaske m te tande Li ki te pale avè m nan lepase epi L te di m bagay sa yo.

25 Sonje, Seyè Jezikri nou an pa t janm idantifye Tèt Li kòm Fis de Dye a. Li di: “Ou di se sa Mwen te ye; se pou sa a Mwen te fèt,” e latrkiye, men Li pa t janm idantifye Tèt Li.

26 E, kounye a, Kolòn Dife sa ki te kondwi timoun Izrayèl yo, se te Seyè Jezikri a nan fòm Lespri, (nou kwè sa?), Logos la ki te soti nan Bondye a.

27 Epi lè Li te sou tè a, Li te di: “Mwen soti nan Bondye, e M al jwenn Bondye.” Nou tout konn sa.

28 E apre lanmò Li, antèman Li, ak rezirèksyon Li: Sòl moun lavil Tas te sou wout li pou l al Damas, pou pèsèkite Kreyen yo—yo, paske yo t ap anseye bagay ki kontrè a sa yo te anseye yo. E li te yon gwo gèrye; anba Gamalyèl, youn nan anseyan eksepsyonèl nan epòk la, nan lekòl yo a, monastè yo a; epi yon grantòm, epi yon ofisye legliz la. E se te la ke yon gwo Limyè, Kolòn Dife a ankò, te frape l atè, nan mitan jounen an. Epi yon Vwa di: “Sòl, Sòl, poukisa w ap pèsèkite Mwen?”

29 Kounye a si w remake lè Pòl, Sòl, te leve kanpe, li te di: “Seyè, Kimoun Ou ye?” Bon, ti gason sa, etan yon Jwif, sètènman li pa t ap rele anyen, sòf si se te yon bagay ki reprezante Bondye, li pa t ap rele sa “Seyè.” Kifè, Se te menm Kolòn Dife a.

30 Jan Jezi te di: “M al jwenn Bondye. Mwen te soti nan Bondye, e Mwen retounen jwenn Bondye.”

31 Men Li te la, tounen nan fòm yon Kolòn Dife ankò; Li di: “Mwen se Jezi Ke w ap pèsèkite a; e li difisil pou w voye pye kont pikan yo.”

32 E nou reyalize ke lè Apot Pyè, sila yo te bay kle yo pou bati Legliz la, nou jwenn ke li te nan prizon, e menm Kolòn Dife sa a te pase nan bawo yo, te louvri pòt prizon an, epi te fè Pyè soti, yon fason mistè, san yo pa menm deranje gad la. Pou mwen, Se Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

33 Epi n ap toujou konnen nenpòt bagay pa nati li. Yo konnen nenpòt bagay pa nati li, fwi li pote a. E mwen mande nou pou n obsève kalite fwi Li pote, Limyè sa ki se Bondye, paske Li toujou retounen nan Pawòl Bondye a, epi L pwouve Pawòl Bondye a, preche Pawòl Bondye a, e Bondye pwouve Pawòl sa materyèlman konsa devan nou. Dwe gen yon bagay dèyè Li.

34 Moun yo rele m yon pwofèt. Mwen pa rele tèt mwen yon pwofèt, paske mwen pa t ap oze di sa, men mwen gen . . . Ann di, mwen ka di sa, ke Seyè a kite m prevwa bagay yo, di bagay ki te rive, ki pral rive, k ap rive, e li pat janm echwe yon sèl fwa, nan dè dizèn de milye de fwa. Tout sa Li te di ki ta pral rive, te rive. Nou tout konn sa. Si gen yon moun nan oditwa vizib sa a maten an, oswa nenpòt kote, ki ka di yon fwa li te echwe, ou gen libète pou kanpe epi di sa. Men si tout moun konnen ke chak fwa, nan dè milye de fwa yo, li te pafètman kòrèk, di, “amèn.” [Kongregasyon an di: “Amèn!”—Editè a.] Ou wè? Alò sa t ap menm bagay la atravè lemonn.

35 Yon bagay jis sou pwen pou l rive. Bondye pa janm voye bagay sa yo san pa gen yon bi dèyè l.

36 Mwen te jis ap panse la a. Mwen te mete l isi a, sou youn nan nòt mwen yo. Ke m ap mete maten an, yon pè bouton manchèt . . . E anpil nan nou te tandè pale de vedèt sinema sa, Jane Russell, e manman l se yon Pannkotis; e Danny Henry se kouzen li, kouzen premye degre li, pitit sè manman l. Li te Batis. Li te kanpe nan reyinyon an, yon reyinyon Biznis Menn yo nan Los Angeles, Kalifòni, de zan de sa.

37 E m te fèk sot pale de yon gwo deklarasyon pwisan, fò, ke menm siveyan an, youn nan siveyan jeneral Asanble de Dye yo, te desann vin sou lestrad la soti anwo nan balkon kote l te chita a, epi li di: “Mwen pa kwè ke se sa Frè Branham te vle di.”

38 Mwen di: “Mwen dwe panse sa, mesye. Se ENSI DI SEYÈ A.” Epi, lè sa a, se te konsènan legliz la nan laj sa a.

39 E apeprè nan moman sa a, jenn gason sa a ki se yon biznismann . . . Frè l la lòtbò . . . li te la ap pran foto pou televizyon jòu maten sa, lòt frè li a se—se yon sipèvizè sèvis wout nan Kalifòni. Epi Danny Henry te avanse apre reyinyon an te fini, sou lestrad la, *konsa*, kote tout mesye yo te chita, li te mache desann pou l antoure m ak bra li. Epi li te di pawòl sa yo, “Frè Branham, mwen espere sa pa gen lè sakrilèj, men,” li di, “sa te ka fè chapit 23 Apokalips la.” Se ke, gen sèlman vennde chapit nan Apokalips. Li di: “Mwen espere ke sa pa gen lè sakrilèj.” Li te apèn fin di sa . . . Kounye a, ti gason an te yon Batis, e li pa t

konn anyen sou sinatirèl la. Avèk bra l antoure m, li te kòmanse ap pale nan yon lang enkonni.

40 E lè l te fin pale nan yon lang enkonni, te gen yon—yon madanm nwa bèl gwochè, ki te chita dwat devan m lan, li leve, li di: “Sa pa bezwen okenn entèpretasyon.” Li di: “Mwen soti Shreveport, Lwizyàn, oswa, Baton Wouj, Lwizyàn.” Li di: “Sa se franse aklè.”

41 Victor Le Doux, ki te yon Fransè, ki te chita anwo la tou, te di: “Sètènman, mwen se yon Fransè, e se te franse pafètman.”

42 Mwen di: “Tann yon minit. *Oumenm* ekri sa l te di, epi *oumenm* ekri sa l te di, anvan nou di yon bagay. Ekri sa nou di a, epi fè m wè nòt nou yo.” E konsa youn te ekri, e lòt la te ekri, menm ponktyasyon an se te menm bagay la.

43 Epi jis apeprè nan moman sa, lè yo te pote nòt yo, yon jenn gason, bèl aparans, ak cheve blon vini ap mache soti dèyè a. Kote, pa t gen ase plas pou l te chita; li te kanpe dèyè a. Li avanse, li di: “Jis yon minit, mwen ta renmen mete yon nòt, tou.” Li di: “Mwen se entèprèt Fransè pou Nasyonzini, Nasyonzini.” Li di: “M ta renmen kite nòt mwen an.”

44 Epi, isi a, tout twa nòt yo egzaktman menm bagay la, an franse. E men fason li li. Sa se nòt orijinal yo te pran, nòt yo te pran touswit. Sa se nòt Danny, limenm, li te mete nan pòch li. Natirèlman, li te antre nan Biznis Menn Kreyen yo, e latriye.

Paske ou te chwazi chimen ki sere a, chimen ki pi difisil la, ou te mache selon pwòp chwaz pa w, ou te chwazi desizyon ki kòrèk epi presi a, e se CHIMEN MWEN.

Akòz desizyon enpòtan anpil sa a, yon gwo pòsyon nan Syèl la ap tann ou. Ala yon desizyon gloriye ou te pran!

Sa a, nan limenm, se sa ki pral bay, epi reyalize, kokennchenn viktwa nan Lanmou Diven an.

45 Bon, mesye a te siyen non l la a, “Deklarasyon pi wo a te entèprete pa . . . de Danny Henry ki t ap pwofetize sou Frè Branham, ki te bay avèk twa temwen nan kafeterya nan Los Angeles, Kalifòni.”

46 Kounye a, menm jenn gason sa a ki bay pwofesi sa a, li pa t konnen sa l t ap di a, li te nan Jerizalèm sa fè apeprè yon mwa. Li te gen privilèj pou l soti epi—epi lonje nan tonbo kote Jezi te mouri epi te antere a. E alò pandan li te lonje la, li te di m te vin nan lespri l vrèman fò epi li te kòmanse ap kriye. Li di: “Ki jan sa te tèlman difisil pou Frè Branham kanpe kont mond lan ak bagay sa yo, ak tout legliz yo!”

47 Menm jan sa—sa te di yon fwa sou yon moun, bò kote Billy Graham lan, sa te di: “Nou ka rekonèt Billy Graham, paske tout legliz yo ini ansanm pou li. Nou rekonèt Oral Roberts, Pannkotis yo. Men ki jan nou ka janm gen anyen, lè Li kontrè a sa yo te anseye moun yo?” Se Bondye.

48 Epi, Danny, sa li fè pou yon pastan, li fè ti wòch. Li te mache al kote yo te mete Kwa a, kote yo te di Kwa a enstale nan wòch la. Pa gen moun ki te nan viwonn lan, kifè li te kase yon ti moso wòch epi li mete l nan pòch li pou yon souvni, li vin lakay li epi li te fè yon pè bouton manchèt pou mwen avè l. Epi, sa ki etranj lan, lè li te fè yo, yo te sanble yo te tache ak san. E jis nan mitan yo chak, soti nan yon bout al nan yon lòt, yon chimen dwat, sere travèsè toulède. Bon sa ta ka jis yon . . . Ou wè, yon lòt moun te ka pa remake sa, men pou mwen se konpleman pou bagay mwen kwè yo. Mwen kwè ke tout bagay gen yon siyifikasyon.

49 E kounye a, nan tan sa a, kèlkeswa sa Seyè a genyen . . . Si sa se pa bagay ke L te pwofetize sou li a, nan Malachi 4 ak nan Lik 17 tou, ak anpil lòt Ekriti ki gen pou rive nan dènnye jou sa, pèmèt mwen di sa pou fini, sa poze fondasyon pou nonm sa lè l va vini. Kifè mwen trè rekonesan ke Bondye Toupwisan an, si se fason sa, kite m fè yon ti bagay, ak tikras edikasyon m lan, pou montre apresyasyon mwen pou lanmou Li pou mwen, lanmou mwen pou Li, ak lanmou nou pou moun yo.

50 Se poutèt sa, ak senserite, m ap apwoche sijè sa a sou *Maryaj Ak Divòs*. Ke Bondye gen pitye pou nou tout.

51 E kounye a koute byen. Epi, sè yo, piga nou leve pou soti; chita trankil jis yon ti moman. Frè yo, fè menm bagay la. Pa fèmen aparèy nou yo deyò a la, nou menm ki konekte avèk nou. Pa fè sa. Jis chita trankil pandan kèk minit, jouk sa fini. Koute byen. Si nou pa dakò, note Ekriti ke m itilize yo, epi etidye Yo nan lapriyè anvan nou pran desizyon nou.

Bondye, ede nou pandan n ap eseye apwoche sijè sa a.

52 Kounye a, sa ka on ti jan long. Mwen pa vle nou prese. E jis pran tan nou, nou tout, epi etidye Pawòl Bondye a, tout bon epi nètale, jan nou konnen kijan pou n etidye Li.

53 Ann kòmanse ak Sen Matye, chapit 19 la. E pou kòmanse, mwen panse, ak vèsè 8 chapit 19 la, mwen swete kòmanse. Mwen ta ka kòmanse tou ak premye vèsè a, epi li desann jouk nan vèsè 8 la nan chapit 19 la.

54 Kounye a, sonje, bagay sa yo ke m di yo dwe soti nan Pawòl Bondye a. Li pa ka pwòp opinyon pa m, paske opinyon pa m jis tankou pa nenpòt lòt moun. Men li dwe nan kontinuite ak Pawòl Bondye a. Sonje, Bondye kenbe tout bagay nan kontinuite. Li pa janm chanje. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske nou kwè sa? Li se menm bagay la.

55 Kounye a mwen pral li nan chapit 19 la.

E li te arive, ke lè Jezi fin di pawòl sa yo, li kite peyi Galile a, li ale nan zòn peyi Jide ki lòt bò larivyè Jouden an.

Yon gwo foul moun t ap swiv li . . . , li geri malad yo.

Kèk farizyen pwoche bò kot Jezi pou yo wè si yo te ka pran l nan pèlen. . . .

56 Mwen pran yon poz la pou n konprann n ap ensiste sou kimoun sa te ye ki t ap tante Li.

. . . Yo mande li: Eske lalwa nou pèmèt yon nonm kite ak madanm li pou nenpòt ki kòz?

Jezi reponn yo: Eske nou pa li, ke nan konmansman, lè Bondye t ap fè moun, li te fè yo gason ak fi,

Aprè sa li di: Se poutèt sa, gason an va kite papa l. . . manman l pou l mete tèt li ansanm ak madanm li. Yo tou de va fè yon sèl kò?

Se poutèt sa yo pa de ankò, men yo fè yon sèl kò. Se poutèt sa, pèsonn moun pa gen dwa separe sa Bondye mete ansanm.

Farizyen yo te di li: Bon, poukisa Moyiz te bay lòd pou yon nonm ekri yon papye divòs voye bay madanm li, anvan. . . l kite avèk li?

Epi Jezi te di yo: Se paske kè nou di kifè Moyiz te ban nou dwa kite ak madanm nou. Men, nan konmansman se pa t konsa.

Kounye a, Bondye, ede nou.

57 Jezi te konfwonte Ekriti sa, kesyon sa a, nan kòmansman menm ministè Li. E Moyiz te konfwonte li nan kòmansman menm ministè li. Se yon kesyon ki gen premye enpòtans nan kè kwayan yo. Pechè a pa okipe l de sa. Men se youn pou kwayan yo, paske kwayan an ap eseye fè tout sa li konnen kòman pou l fè pou viv dwat devan Bondye. Se poutèt sa, nenpòt kesyon ki poze sou relijyon, alò ka *Maryaj Ak Divòs* la poze tou. Poukisa? Paske se li ki kòz peche orijinèl la. Se la peche te kòmanse. E se pou rezon sa a li parèt chak fwa, paske se orijin peche a menm.

58 Bon mwen p ap gen tan pou m eksplike tout bagay sa yo, men m ap kontan reponn lèt ou a oswa nenpòt bagay mwen kapab. Oswa, nou gen liv yo ekri sou li, ak anpil kesyon, ak menm koupi jounal ak lòt bagay isi a, pou pwouve sa, nou konnen ke se te Èv (Pòm ke li te sipoze manje a, kote sa pa menm selon Lekriti, kounye a yo pretann se te yon abriko; li pa t ni youn ni lòt.), li te komèt adiltè, sa ki te fè premye pitit la fèt, ki te Kayen, pwòp pitit gason Satan, paske se nan li mal te chita. Li pa t vini atravè Abèl. Pitit gason Satan an se te Kayen.

59 Mwen konn kesyon nou an kounye a: “Èv te di: ‘Mwen fòme yon nonm avèk èd Seyè a.’” Se egzakteman sa.

60 Ou te ka pran fanm ki pi malfezan nan vil la, nonm ki pi move a; si yo te gen yon bebe, li t ap dwe soti kote Seyè a, paske se Bondye ki tabli lwa yo. E lwa sa yo, tankou solèy la ki pou leve; mete yon chadwon nan yon bon chan, l ap pouse. E li dwe pouse,

paske se lwa Bondye. Lè yo plante semans, li dwe pouse. E anyen pa ka fè lavi pouse ke Bondye, paske sa opere anba lwa Li yo. Se poutèt sa lè move semans lan te plante nan vant ki pou—ki pou Ev la, li te dwe pwodwi, paske se lwa pwodiksyon Bondye a. E li pa t ka fè anyen lòt ke pwodwi l, e sa te dwe soti nan Bondye.

⁶¹ Se pou rezon sa a ke moun yo di: “Ti bebe,” pafwa, “ki pa fèt ak paran Kreyen, yo pèdi.”

⁶² San Jezikri a fè eksperyasyon pou timoun lan, m pa bezwen konnen konbyen li te fèt e kijan li te fèt nan mal. Li se Ayo Bondye a ki retire peche mond lan. Ti pitit la pa ka repanti, paske li pa gen anyen pou l repanti pou li, e se te peche mond lan ki te retire pa San Kris la. Tibebe yo prale nan Syèl.

⁶³ Se peche orijinèl la, e se pou rezon sa a yo kesyone li—li. Lè nenpòt gwo fenomèn soti kot Bondye, se apeprè premye bagay la ki poze: “E maryaj ak divòs?” Kounye a, kòm toujou, li toujou yon kesyon nan mitan moun yo. Jan sa te ye nan epòk Jezi, jan sa te ye nan epòk Moyiz, se te toujou sa, e li toujou sa jouk jounen jodi a, yon kesyon nan mitan moun yo, paske moun yo vle konnen ki sa ki Verite a.

⁶⁴ Men kote ki gen yon kesyon, dwe gen yon repons tou. E kounye a kòm yon repons, jan m te di anvan an, semèn sa a, dwe gen yon repons kòrèk. E si nou jwenn yon repons pou nenpòt bagay, e li—li pa kòrèk, alò nou konnen ke li te fo. Men genyen, ou t ap toujou mande jiskaske vrè kesyon an reponn, si w vle konnen Laverite. E kòm sa se yon kesyon Bib la, li ta dwe yon repons Bib la.

⁶⁵ Se tankou m te di a, si m te vle ale nan lès maten an, e fason ki pi byen ke m te konnen sa, m te dwe jwenn yon sèten bagay nan chan an, e li te dirèkteman nan lès, epi m t ale nan lès. Yon moun te di: “Frè Branham, *sa* se lès.” Li se lès, potansyèlman, men li se nòdès. M t ap pase akote objè m t ap cache a menm; m t ap retounen, pou m konnen ke li pat bon. Epi si yon moun te di: “Frè Branham, ale nan direksyon *sa*, adwat ou.” Kounye a, sa se potansyèlman lès, tou, men li se sidès. M t ap pèdi objè ke m t ap cache a, paske m te depase limit chimen pafè a epi dirèk la.

⁶⁶ Kounye a, si se konsa, nou gen de lekòl panse sou *Maryaj Ak Divòs*. E sa se, youn nan yo di, ke, “Yon nonm ka marye sèlman yon fwa, sòf si madanm li mouri.” E sa se youn nan kesyon yo, men, si ou swiv sa, ou depase limit. Epi sa apre a di: “O, si madanm lan oswa mari a, youn ou lòt, te komèt adiltè, swa youn nan yo ka repidye lòt la epi marye ankò.” W ap jwenn tèt ou depase limit avèk sa.

⁶⁷ Kifè, ou wè, se pa ni sidès ni nòdès; nou vle dirèkteman lès. Ou pa t ap gen referans Lekriti lè w ale nan direksyon *sa*, ou pa gen referans Lekriti lè w ale nan direksyon *sila*. Nou vle konnen ki kote Lekriti rankontre ak Lekriti, epi konnen ki sa ki Verite

a sou sa. Chak pran yon chimen diferan, epi yo echwe nan pote repons kòrèk la, men dwe toujou gen yon repons.

⁶⁸ Se jis tankou, jodi a, gen de gwo lekòl doktrin nan legliz la; youn ladan yo se Kalvinis, lòt la se Amin-. . . Aminyanis. Youn nan yo se legalis, lòt la se lagras. E nou vin dekouvri ke moun ki kwè nan lagras, Kalvinis yo, yo di: “Se pou Bondye beni, sa pa deranje m lè m fimen. Sa pa deranje m lè m bwè. Mwen ka fè bagay sa yo, mwen gen sekirite Etènèl.” Apre sa nou jwenn lòt bò a, sou kote legalis la, ki di: “O, m ta renmen rele dèyè l, m ta renmen fè l konnen fon panse m, men, mwen se yon Kreyen, mwen dwe rete trankil.” Ou wè, ou jwenn tèt ou sou de wout diferan, e youn nan yo pa kòrèk. Kounye a, se difisil pou di sa, men se laverite.

⁶⁹ Nou jwenn tèt nou sou de wout diferan; youn, ki pral nan yon direksyon; youn, nan yon lòt. Kounye a annou wè ki sa Verite a ye.

⁷⁰ Kounye a koute, epi wè si sa fè sans pou nou. Pa egzanp, si m pare pou m ale lòt bò dlo, epi m ap konsidere pwòp fanmi m, m ap fè madanm mwen vin jwenn mwen, epi m va di: “Nou pral-. . . M pral lòt bò dlo, cheri.” Bon men bò kote legalis la: “Kounye a, madanm mwen, m pral tabli lwa a pou ou! Si w koze ak nenpòt gason pandan m pa la, lè m retounen ou se yon fanm divòse. E mwen pa vle w ap fè je dou, m pa vle w nan koze ak gason! Ou konprann sa? Mwen se mari w! Si w fè l, m ap repidye w lè m retounen.”

⁷¹ Apre sa li lonje men l epi li pran m nan kravat, epi li di: “Bon mesye mwen, mwen vle di w yon bagay, ou wè, ou wè, ke si w fè je dou ak nenpòt fanm, oswa soti ak nenpòt fanm, oswa koze ak nenpòt fanm, ou pral yon nonm divòse lè w retounen.” Kounye a, èske sa pa t ap yon fwaye ki gen kè kontan? Sa se legalis yo. Dakò.

⁷² Kounye a, lòt bò kote a, se ke si m al lòt bò dlo epi m fè yon erè. . . M ta ale la a epi m ta di: “Bon, gade, m pral soti ak fanm sa. O, se kòrèk pou madanm mwen, sa pa di l anyen.” Madanm mwen ta di: “M pral soti ak nonm sa a. Se kòrèk pou Bill, sa pa di l anyen.” Si sa pa di m anyen, alò gen yon bagay ki pa bon avè m; Mwen pa renmen fanm sa kòrèkteman. E si sa pa di l anyen, gen yon bagay ki pa bon avè l. Li se madanm mwen; mwen pa vle lòt nonm fè dezòd avè l. Li se madanm *mwen*.

⁷³ Kounye a, fason kòrèk la, se ke, toulède gen yon pati laverite, men se pa Verite egzak la.

⁷⁴ Kounye a lè m al lòt bò dlo, pou m fè sa kòrèkteman, ti fanmi m rasanble, e nou priye ansanm. E mwen remèt yo bay Bondye, e yo remèt mwen bay Bondye. E lè nou fè sa, nou ale lòt bò dlo. . . Mwen ale lòt bò dlo. Bon, mwen konnen li renmen m; mwen gen konfyans nan li. L-. . . e mwen renmen l; li gen konfyans nan mwen. Toutotan mwen renmen l konsa, li pa gen okenn enkyetid

sou mwen ke m ap soti ak yon lòt fanm. Toutotan li renmen m kòrèkteman, franchman, pa gen okenn nesosite pou m panse a nenpòt lòt gason ki pral soti avè l, paske li se madanm mwen e mwen kwè nan li.

⁷⁵ Mwen kwè, si an reyalyite m ta fè yon move bagay, m ta fè yon erè epi soti ak yon fanm, epi m ta retounen epi m ta konfese l ba li, epi m di l: “Meda, m pat vle fè sa. m te jis pran nan yon pyèj; fanm sa jis kouri drèt sou mwen e—e li te pran m nan bra, epi li te kòmanse *tèl tèl bagay*,” mwen kwè li t ap konprann. Mwen kwè li tap padonnen m pou sa. Men mwen pa t ap fè sa, pou anyen, paske mwen renmen l. Menm si li ta padonnen m, mwen pa t ap fè sa. Mwen pa t ap fè l mal, pou anyen. Menm si m konnen li t ap padone m pou sa, m pa vle fè l mal.

⁷⁶ E se fason sa l ye ak Bondye. Si mwen . . . si yon lanmou *fileyo*, ki se lanmou imen, lanmou fratènèl, ka fè yon nonm santi sa pou madanm li; e lanmou *agapao*, mo grèk la ki vle di “lanmou Bondye a,” ki jan sa t ap fè m fè konsènan Jezikri? Mwen, toutotan ke m vle al fè l, li nan kè m pou m fè l! Kit . . . Mwen di, toutotan li nan kè m pou m fè l, m pral fè l. Legalis p ap kite m fè l, se paske m te konnen m t ap jwenn pinisyon si m te fè l. Men vrè Verite a sou sa se, se lè lanmou Bondye vin nan kè w jouk ou *vle* fè l. Men Verite a sou sa. Men de lekòl yo. Se pa legalis la ni lòt la, ni Kalvinis la, se toude.

⁷⁷ Kounye a nou dekouvri jodi a, tou, gen anpil denominasyon diferan. Gen legliz Katolik la, legliz Pwotestan an. Yo chak di yo se Chimen an, ou wè, “Nou gen Chimen an, nou se Laverite.” Men Metodis la, ki di: “Nou gen Laverite.” Batis la di: “Nou gen Laverite.”

⁷⁸ Ebyen, pou mwen, toutotan ke yo santi yo konsa, se pa konsa, paske Jezi te di: “Mwen se Verite a.” Ou wè?

⁷⁹ Se poutèt sa, jan sèmon m lan yè swa te ye a, ke Li se plas la kote Bondye mete Non Li, sèl kote pou adore. Ou pa yon Kreyen paske ou se yon Pwotestan. Ou pa yon Kreyen paske ou Katolik. Ou pa yon Kreyen paske w Metodis, Batis, oswa Pannkotis. Ou se yon Kreyen paske ou te batize nan Jezikri, pa Sentespri a, pa pa dlo. “Gen yon sèl Lafwa; yon sèl Seyè; yon sèl batèm,” sa se batèm Sentespri a. Batèm dlo a mennen w nan yon fratènite. Batèm Sentespri a mennen w nan Kris. Men Verite a.

⁸⁰ Nou gen de kouran panse tou sou *Maryaj Ak Divòs* sa. Kounye a, ke, Seyè nou an te louvri mistè Sèt So Pawòl Li a pou nou, nan dènye jou sa yo. Kounye a, anpil nan nou, sa te ka grèk pou nou, men legliz mwen an konprann. Pa kisa? E nou te tandè pale de vizyon yo ak sa k te pase. E kesyon an se yon kesyon Bib la, nou envite isi a pou kwè ke dwe gen yon vrè repons pou tout sekre kache a ki te kache depi fondasyon mond lan. E Bib la pwofetize epi l di ke nan jou sa sekre sa yo t ap revele. Apokalips

10: “E lè setyèm zanj lan kònen klewon l lan, mesaje Lawodise a, mistè Bondye yo t ap revele.” E sa se dènye laj la, ki se Lawodise.

⁸¹ Gade tout revèy sa a ki dire depi ken z answa plis, e pa gen yon sèl denominasyon ki soti nan li. Luther te gen yon revèy, te gen yon denominasyon ki fèt; Wesley, te gen yon denominasyon ki fèt; Alexander Campbell, te gen yon denominasyon ki fèt; tout lòt gran sa yo . . . John Smith e latriye, denominasyon, Moody, tout wout la. Men isit la gen youn . . . Dabitid yon revèy dire sèlman apeprè twazan. Men sa fè plis ke ken z answa dire, e pa gen yon sèl denominasyon ki te soti nan li, paske sa se tan Semans lan. Pa gen okenn pay ankò; apre pay la fin ale, se Semans lan.

⁸² Bondye pare, si L pa fè l kounye a, Li pral rele yon Legliz nan pèfeksyon pa Pawòl Li, Jezikri. Remake, dwe gen yon repons yon kote, epi kòm mistè Sèt So Bondye a, Sèt So . . .

⁸³ Konbyen moun ki konprann sa, leve men nou anlè. Ann wè. Mwen panse ke pifò nan yo fè pati kongregasyon nou an ki soti toupatou, koute. Si se pa sa, liv yo pral soti trè byento, sou sijè a. Nou gen liv, kèk liv sou Li kounye a.

⁸⁴ Jezi, nan tèks nou an, envite nou pou nou retounen nan kòmansman an, pou vrè repons ki soti nan Ekriti a.

⁸⁵ Bon, lè Li te konfwonte ak sa, te gen de bagay pou konsidere. Prèt yo te di L: “Èske yon nonm ka kite ak madanm li, marye ak yon lòt, pou nenpòt kòz?”

Epi Jezi te di: “Nan Kòmansman an li pat konsa.”

Alò yo di: “Moyiz te pèmèt nou ekri yon lèt divòs, epi pou voye l ale pou nenpòt bagay yo te vle.”

⁸⁶ Li di: “Sa, Moyiz te fè sa paske,” m fè yon poz la pou souliye, “poutèt kè nou di; men depi, oswa nan kòmansman li pa t konsa.” Kesyon an!

⁸⁷ Kesyon an jodi a, tankou lapè nan lemonn: “Èske l ap vini pa politik, inyon nasyon yo, ke yo ini?” Mwen di nou, non. Li toujou echwe, e li pral echwe ankò. Men gen yon vrè repons ki rete pou kesyon an: “Èske pral gen lapè sou tè a?” Wi, lè tè a debarase ak peche, va gen lapè. Men jouk tan sa, p ap gen lapè; “yon nasyon va leve kont yon nasyon, epi yon wayòm kont yon wayòm.” Bondye te bay yon remèd pou peche. Koute byen kounye a. Bondye te bay remèd la pou debarase tè a ak peche, men lòt sou tè a p ap aksepte remèd Bondye a.

⁸⁸ Bondye te ban nou yon remèd epi yon fason pou marye ak madanm nou epi viv avèk yo, men lòt p ap aksepte remèd Bondye a, li p ap aksepte Pawòl Li sou sa. Jezi te di sa. E sa raple nou de—de Pawòl Li yo, lè n konnen ke Li di: “Syèl la ak tè a pral fayi, pase, men pa M yo p ap fayi.”

⁸⁹ Kesyon an, vrè repons ke Jezi vle nou retounen ladann lan, se retounen nan kòmansman an. Alò, se ta nan Jenèz, paske mo *Jenèz* la se chapit semans lan pou chak kesyon nan Bib la. E ou

dwe toujou retounen nan semans lan pou wè ki kalite semans ki nan chan an, pou wè kisa rekòt ou yo pral ye. Kounye a, ki kalite semans ki simen? Jenèz, kòm se chapit semans lan, n ap retounen nan Jenèz. Jezi prezante nou Ekriti sa, “nan kòmansman an.” Kounye a, sonje, se lè tan te kòmanse tanmen. Anvan sa, se te Letènite. Kounye a, kesyon nou la a se te, remake, si nou retounen nan kòmansman an.

⁹⁰ Kounye a pa rate sa! E se pou rezon sa a mwen vle pale dousman, pou moun yo k ap koute nan telefòn yo, e pou ke sa di klè sou bann lan.

⁹¹ Si Jezi te di: “Retounen nan kòmansman an,” te gen sèlman yon pè nan chak bagay sou tè a. Te gen yon sèl Adan, yon sèl Èv, se Bondye sèl ki te ini yo. Yon femèl chwal, yon mal; yon jako femèl, yon mal. “Nan kòmansman an,” jan Li te di nou pou n retounen, te gen sèlman yon pè nan chak bagay. Èske se vre? Alò, nou jwenn ke tout bagay “nan kòmansman an” t ap mache nan yon lòd pafè e nan amoni ak Bondye, pat gen anyen ki mal.

⁹² Tout bagay nan syèl la toujou annòd; tout zetwal yo, galaksi yo, sistèm solè a, tout bagay pafètman nan lòd. Si youn nan yo deplase, sa tap entèwonp tout pwogram lan.

⁹³ Kounye a koute. Èske nou wè? Yon sèl entèripsyon gate tout pwogram lan! Kounye a, lè èt imen yo t ap mache nan kontinwite ak Bondye, ak yon sèl gason epi yon sèl fanm, men fanm sa te peche e sa te jete tout pwogram sou tè a andeyò kontinwite ak Bondye. Se poutèt sa, yon sèl pawòl ki ajoute nan Liv sa, oswa yon sèl Pawòl ki retire nan Li, jete yon Kreyen andeyò kontinwite ak Bondye, jete yon legliz andeyò kontinwite ak Bondye, jete yon fanmi andeyò kontinwite ak Bondye. Yo ka jete chak kwayan deyò, lè yo pa aksepte chak Pawòl Bondye.

⁹⁴ Alò, se te fanm lan ki te lakòz separasyon bèl fwaye a. Se pat yon Cheriben ki te deranje tè a. Se pa t Adan ki te kraze fwaye a. Se pat yon lòt bagay ki te kraze fwaye a, e ki te fè tout bagay soti andeyò kontinwite li, men yon fanm, Èv. E se la ke “kòmansman an,” ke Jezi te pale a, te brize. Jezi di: “Nan kòmansman an, Bondye te fè yon mal, yon femèl, nan chak espès.” E kounye a lè fanm sa . . . pa femèl chwal la, pa femèl chen an; men fanm lan, li te brize tout kontinwite operasyon Bondye a sou tè a, e li te jete tout bagay nan lanmò. Fanm lan, pa gason an, li te brize alyans lan. Li te brize alyans lan, paske (poukisa?) li te travèse fontyè Pawòl Bondye a. Bon, si l te brize alyans li ak mari l, li te brize alyans li ak Bondye; alò, paske li te brize alyans lan ak Bondye, li te brize l ak mari l.

⁹⁵ E lè w brize pwomès ou ak alyans ou anvè Pawòl Bondye a, se sa ki pwodwi tèlman anpil manm legliz ki pa lejitim, paske yon gwoup mesye te rasanble ansanm epi yo di: “Ebyen, Sa pat vle di sa,” e li jete tout òganizasyon an andeyò kontinwite ak Pawòl la. “Nou pa kwè Sa. Doktè Jones te di Li pat konsa.” Men toutotan

ke Bondye te di Se konsa, Li di: “Ke tout pawòl lòm se yon manti, e pa M se Verite!” Se la sa brize kontinwite a.

⁹⁶ Bon nou wè, kòm kontinwite a brize, alò liy Lavi a te brize, epitou liy tan an te brize, alyans lan te brize, tout bagay te detwi! Kisa k te lakòz li? Yon fanm. Se sa ki te brize alyans lan. Kounye a, si w vle li sa, ou ka li l, Jenèz 3.

⁹⁷ Bon, se te lè sa lòm te fèt pou domine sou fanm lan, pa Pawòl Bondye a. Manzè pa t egal ansanm avè l ankò. Manzè te egal ansanm ak li nan lanati, ou konnen; men, lè l te brize Pawòl Bondye a, Bondye te fè lòm vin domine sou li. Jenèz 3:16, si w vle ekri l. Li pa t egal ak lòm ankò. Li te sila ki te brize Pawòl Bondye a.

⁹⁸ Èske nou pa wè, “manzè,” manzè, legliz isi a la? Sila ki brize Pawòl Bondye a, ki te jete l nèt andeyò kontinwite a. E se sa legliz la te fè, e li te voye lanmò espiritiyèl sou tout bagay la. Kounye a nou va konprann poukisa m frape san rete sou bagay sa yo tankou m fè a. Se Laverite! Sa se fè ki nan Bib la.

⁹⁹ Remake, poukisa manzè te fè yon bagay konsa? Kouman fanm agreyab, bèl, pafè sa te ka . . . ?

¹⁰⁰ Mwen te wè yon tablo yon fwa, mwen kwè se te nan Lagrès, de yon atis ki te pentire yon pòtrè Èv. Li te bagay ki pi tèrib ou te janm wè. Sa montre kisa yon panse chanèl ka ap gade. Men, li pat konsa; li te bèl, paske li te yon fanm pafè, yon fanm konplè.

¹⁰¹ Remake, poukisa li te fè yon bagay konsa, alòske li te nan nivo wo sa? Li te la avèk lòm, li te egal ansanm avè l. Men nou tout konnen kounye a ke li te pèdi egalite li ansanm ak lòm, lè li te peche, e Bondye te di: “Lòm pral chèf ou apati de kounye a.” Bon, sa se Lekriti. Si w vle, nou te ka li l.

¹⁰² M ap ba nou Ekriti yo, konsa pou sove tan akòz gwo koneksyon telefòn sa atravè peyi a, nou ka li l noumenm.

¹⁰³ Remake rezon ki fè li te fè sa. Kijan Satan te fè rive sou li?

¹⁰⁴ Èske nou te konnen Satan te egal ak Bondye yon lè? Sèten l te sa, nan tout bagay eksepte yon kreyatè; li te tout bagay, li te kanpe sou bò dwat Bondye, nan Syèl yo, gran Cheriben an ki te okipe premye plas la.

¹⁰⁵ Remake rezon ke li te fè sa, li pat nan kreyasyon orijinal la. Li pa nan kreyasyon orijinal Bondye a; li se yon sou-pwodwi. Se poutèt sa “nan kòmansman an,” jan Jezi te pale de li a, li pat yon èt orijinal Bondye te kreye. Li se yon sou-pwodwi yon nonm, lè Jezi te pale de “kòmansman an.”

¹⁰⁶ Sonje, Adan te alafwa maskilen ak feminen, nan kreyasyon orijinal la, li te youn, men apre sa li te separe pa yon zo kòt.

¹⁰⁷ Remake, men yon sou-pwodwi, e, remake, sèl la nan tout kreyasyon Bondye a, nan tout bèt ak tout lòt bagay, se li menm sèl ki te fèt fason sa. Tout lòt femèl te nan kreyasyon orijinal la. Tout

lòt femèl te nan kreyasyon orijinal la, men Èv pat nan kreyasyon orijinal la. Ou wè, sa te dwe fèt fason sa. N ap rive sou sa apre yon ti tan. Remake, nan kreyasyon sa ke li te ladann lan, pa nan orijinal la, men yon sou-pwodwi. E nan kreyasyon sa, gen . . .

¹⁰⁸ Kounye a mwen pa vle blese santiman nou, men mwen vle di nou Laverite. Epi se pou nou jis chita trankil; jiskaprezan sa prale byen.

¹⁰⁹ Pa gen anyen ki fèt pou twonpe konsa, tankou yon fanm ki twonpè. Pa ka gen anyen lòt; anyen pat fèt pou l te konsa.

¹¹⁰ Epitou, pa gen anyen ke yo ka twonpe tèlman fasil tankou yon fanm. Bon, chit la pwouve ke deklarasyon sa a se vre, chit la nan konmansman an.

¹¹¹ Li pa t nan kreyasyon orijinal okòmansman an. Li te nan Adan, men pa nan yon sèks fi, limenm, nan kòmansman an. Se li sou-pwodwi ki te fèt la.

¹¹² Kounye a, pa gen anyen ki fèt ki ka twonpe, epi ke yo ka twonpe, fasil tankou yon fanm. Pa gen anyen ki fèt oswa ki ka bese ba menm jan ak yon fanm. Reflechi kounye a. Pa gen anyen ki fèt, nan tout kreyasyon an, ki ka bese ba menm jan ak yon fanm. Li ka rache kè yon nonm an miyèt moso pi fasil pase nenpòt lòt bagay ki gen nan mond lan, se madanm li. Kite bèl ti madanm sa kòmanse ap koze nan viwonn lan ak yon lòt mesye; gade kanmarad sa ki chita la ak pitit li yo, dlo k ap koule sot nan je l. Li fèt fason sa. Li fèt pou fè sa. Pa gen okenn kochon, okenn chen, oswa okenn lòt bèt, ki fèt tankou li oswa ki ka bese ba menm jan li ka bese a. Bon, sa se vre.

San manke respè pou sè m yo, men mwen jis vle nou obsève.

¹¹³ Okenn bèt pa ka imoral. Ou rele chen an yon “salòp,” femèl chen an, ou rele mal la . . . kochon an yon “kochòn,” men moral li yo depase yon milyon mil moral anpil vedèt Hollywood yo. Se nan nivo sa li fèt pou l bese ba. Li pa ka . . . Jis panse a sa kounye a. Pa gen anyen nan lemonn, ki fèt nan kreyasyon Bondye a, ki ka imoral, bese ba konsa.

¹¹⁴ Ou di: “Tann yon minit, ‘lòm’!” Nou pral rive sou sa. Fanm lan dwe di “wi.”

¹¹⁵ Remake, pa gen anyen ki fèt pou bese ba konsa, oswa pou l souye, ke yon fanm. Yon chen pa ka fè l, yon kochon pa ka fè l, yon zwazo pa ka fè l. Pa gen okenn bèt ki imoral, ni li pa kapab, paske li pat fèt pou l konsa. Yon femèl kochon pa ka imoral, yon femèl chen pa ka imoral, yon femèl zwazo pa ka imoral. Yon fanm se sèl bagay ki ka fè l.

¹¹⁶ Kounye a ou wè ki kote Satan te ale? Ou wè? Men li toujou genyen, se li ki gen pouvwa pou di “wi” oswa “non.” Ou wè, sa depann de kote l vle pozisyone tèt li. Ou wè? Kounye a nou ka wè klè semans sèpan an isi a, kote l antre. Gen yon sèl kote li te ka

ale. Si sa pa ta idantifye l nèt la a, gen yon moun ki avèg. Ou wè? Ou wè, sa te dwe rive la a.

117 Remake, rezon ki fè bèt yo pa t ka fè sa, yon bèt femèl, yo te nan kreyasyon orijinal la. Men fanm lan pat nan kreyasyon orijinal sa. Kounye a nou pral retounen nan tan pase pou nou detere sa, apre sa n ap mennen nou jouk nan tan modèn lan, nan Testaman an.

118 Yo ba l yon fòm, pou kont li, se pou malwòpte ak vi enpi. Yon chen pa kapab, e okenn lòt femèl pa kapab. Se jis fanm lan ki kapab. Yon chen oswa nenpòt lòt bèt, yon fwa pa ane, e sa se pou ti bebe l yo; pa pou plezi seksyèl, men pou ti bebe l yo. Vye femèl kochon an, vye femèl chen an, se yon fwa pa ane, yon moman espesifik, sa se pou ti bebe l yo. Men yon fanm fèt pou nenpòt ki lè li vle. Mwen gen kèk bagay m fè kwa sou yo isi a kounye a; nou ka imajine rès la. Yon chen pa kapab; fanm lan kapab. Mwen espere ke Sentespri a va revele nou rès bagay sa a ke mwen fè kwa sou li isi a.

119 Li se sèl espès, espès femèl, ki fèt pi bèl pase mal la. Pa gen yon lòt espès pami tout sa egziste yo. Tout lòt kreyati Bondye yo gen bèl mal, tankou nan bèt yo, zwazo yo, e latriye, se toujou mal la ki bèl.

120 Gade gwo sèf mal la, gwo bèl kòn, gwo espès; ak ti bich, ki enb lan. Gade gwo kòk la ak tout bèl plim li yo; ak ti manman poul mawon an. Gade zwazo yo, kòk la ak poul la. Poukisa? Poukisa li te konsa, nan tout kreyati Bondye yo? Nan tout kreyati yo, se mal la ki pi bèl. Nan mitan mouton yo, nan mitan kochon yo—yo, nan mitan chwal yo, nan mitan tout lòt yo, se toujou gwo mal la ki bèl, epi nan mitan zwazo yo.

121 Men nan ras imen an, se fanm lan ki bèl, pa gason an; si se misye ki bèl, gen yon bagay ki pa mache, gen yon semans kwaze yon kote. Orijinèlman se konsa. Poukisa? Poukisa sa te fèt? Sa sèvi pou twonpe. Sila ki fòm manzè a, Satan, toujou ap travay sou li, tou, nan dènye jou sa yo.

122 Kite m kanpe la jis pou yon moman. “Bèl!” Èske nou te konnen, nan premye destriksyon an, entènasyonanman, de mond lan, oswa mondyal, se te akòz bèl fanm yo? “Lè pitit Bondye yo te wè pitit fi lèzòm yo te bèl, yo te pran fanm pou yo.” Èske se vre?

123 Èske nou remake bote fanm yo ki ogmante nan jounen jodi a? Mwen te wè foto Pearl O’Brien, ki te sipoze pi bèl fanm nan nasyon an, yon lè. Pa gen yon tifi adolesan nan lekòl sa a ki pa tap depase l, nan sa ki konsène bote.

124 Ogmantasyon bote fanm yo ap montre tan sediksyon an. Kilè legliz la te parèt pi bèl pase jan l ye jodi a? Tout bagay parèt gwo, gwo bèl bilding, ak dè milyon nan *sesi* ak dè milyon nan *sela*. Eske nou pa wè, “manzè,” sediksyon an!

125 Kounye a, pa gen anyen ki ka rabese ba tankou l, e yo ba l yon fòm pou l ka twonpe. E Satan vrèman ap travay sou li jodi a, nan dènye jou sa yo, paske se li ki ba l fòm. Mwen ka pwouve sa kounye a. Pou retounen drèt nan kòmansman an, ki moun ki te kòmanse travay sou li, Adan oswa Satan, Bondye oswa Satan? Ou wè, sa se sila ki ba l fòm. Se zam prensipal li pou voye lòm nan salte li a, antan ke yon bèl fanm, li ka tòde yon nonm nenpòt fason li vle. Frè, se pa ba ilegal la isi a ki pran nonm lan nan pyèj; se bèl fanm k ap mache nan lari a, ap tòdye tèt li, mwayte abiye. Se sa ki pran. . . Sa se sediktè a la menm. E li mòtèl avè l, absoliman mòtèl. Ou ka poze m kesyon sou Satan ki ba l fòm lan, men sa se Laverite. Se Satan ki ba l fòm. Li toujou ap fè l.

126 Kite m montre nou yon bagay nan Lekriti. Mwen dwe fè nou tounen nan Lekriti, epi n a fè nou yon opinyon pandan n ap gade l jodi a.

127 Satan se sila ki prezante kalite bote sa. Si n ap remake, li te pi bèl nan tout Zanj yo nan Syèl la. Èske se vre? E li te vle fè Syèl la yon pi bèl plas pase wayòm Mikayèl la. Èske se vre? E pitou, pou montre ke Kayen te pitit gason l, li te ofri yon pi bèl adorasyon, li te dekore lotèl li yo ak fwi ak flè, e latriye. Èske se vre? Bèl! Peche bèl, sa nou rele bote jodi a. E peche ap twonpe, pa bote. Ou pa t ap janm gade yon fanm k ap desann nan lari a epi di sa ki nan kè l. Ou wè? Men mwen te vle di bagay sa yo konsa nou te ka wè poukisa se Satan ki ba l fòm. Se egzaktman sa, pwòp pitit gason l lan te pwouve sa, Kayen. Kounye a, manzè bèl pou l ka twonpe.

128 Mond lan bèl konsa li ka twonpe. Mwen vle di *kòsmòs*, sistèm mond lan. Li bèl konsa li ka twonpe, gwo bèl plas ak liks.

129 Sonje pwofèt la, Amòs, lè li te monte epi li te gade anba nan vil la, epi li te wè l tankou yon Hollywood modèn, vye ti je l yo te plise, anba cheve gri sa ki pandye sou figi l. Epi li te desann laba a ak yon Mesaj, e l te eklate L sou plas sa. Li di: “Bondye menm ke w pretann sèvi a, ap detwi w!” Se vre.

130 Peche, li bèl. Yo imajine Jida tankou yon vye tafyatè k ap trennen isi a nan lari a yon kote, ak bouch li pandye ak mouch ladan l, e latriye, kòm etan Jida. Jida te bèl, djanm, yon twonpè. Se pa nèg sa pou veye bò kote w, se pa yon nèg ki (vye kiltivatè a) antre ak yon pè salòpèt sou li, pou w veye bò kote madanm ou; se rize sa a, se li ki koken an.

131 Peche bèl pou je mond lan, men Bondye pa prezante nan kalite bote sa. Èske w te konnen sa? Bondye prezante nan karaktè, bèl karaktè.

132 Nan Bib la, Ezayi 53, si w vle note Lekriti a. Li gen referans Lekriti ki ekri nan maj la isi a pou sa. Ezayi 53, Bib la di konsènan Seyè Jezi nou an, ke, “Pat gen okenn bote nan Li pou ki ta fè nou vire gade L. Epi nou te kache figi nou pou Li.” Èske se vre? Nou pa t renmen L, paske Li pat bèl. Li te petèt yon ti

kanmarad, ak zepòl koube, ki te parèt tou wouj, e yo pa t dezire L kòm chèf. Li pa t sanble ak yon chèf. Li te pale langaj lari òdinè a, e latriye, tankou moun yo fè a, moun òdinè yo, kifè se poutèt sa Li pa t sanble ke Li te yon gran save, enstwi, debyen, ki abiye ak yon gran soutàn, ak tout bagay. Li te jis yon Nonm òdinè. “Pa t gen okenn bote nan Li, pou nou ta desire Li.” Li te mache antre epi soti nan mitan lòm, drèt la, yo pa t menm konnen Ki Moun Li te ye. Li pat sanble ak yon dye k ap mache la, selon sa nou ta panse ki te yon dye. Men, menm bagay la, se sa L te ye!

¹³³ Èske nou te remake lè Seyè Bondye a te pale ak—ak Samyèl: “Monte al kay Jese a epi wenn youn nan pitit gason l yo, wa, pou pran plas Sayil?”

¹³⁴ Bon, moun yo te chwazi Sayil, alòske Samyèl absoliman te di yo pou yo pa fè sa. Li te di: “Bondye pa vle nou gen yon wa; Se Li ki Wa nou.” Epi li te di: “Èske m te janm di nou yon bagay, nan Non Seyè a, ki pat janm rive? Èske m te janm sipliye nou pou lajan oswa *yon lòt bagay*, pou m viv?”

¹³⁵ Yo te di: “Non, ou pat janm sipliye nou pou lajan. E kèlkeswa sa w te di, nan Non Seyè a, sa te rive. Men nou vle wa a, kanmenm,” kifè yo te chwazi Sayil. Gade sa mond lan te chwazi! Gade sa Izrayèl te chwazi! Izrayèl, wen Bondye a, yo te chwazi yon nonm ki te gen tèt ak zepòl pi wo pase nenpòt nonm nan nasyon an; gran, gwo, debyen, yon kanmarad bèl gason, e li te toujou yon eleman kap bay pwoblèm.

¹³⁶ Men Bondye te di: “Mwen pral chwazi yon wa pou nou dapre chwa pa M.” Alò Li di: “Samyèl, M pa pral di w kimoun li ye, men monte al laba a. Li se youn nan pitit gason Izayi yo.”

¹³⁷ Epi Izayi, madanm li, ak yo tout te gade nan viwonn lan, yo di: “Wi, pi gran pitit gason nou an, li se yon gwo nonm, wo, bèl gason, l ap sanble li jis kòrèk pou kouwòn wa a. Li entelijan. Li enstwi. Li se yon nonm debyen. Mwen konnen l ap jis kòrèk. Li pwononse pawòl li yo kòrèkteman.”

¹³⁸ Lè yo te fè l soti, Samyèl te pran krich lwil la epi l tale nan direksyon li. Li di: “Non, Seyè a te refize l.” Alò li te desann nètale, jouk nan sis pitit gason, e Seyè a te refize chak grenn nan yo. Li di: “Èske pa gen yon lòt?”

¹³⁹ “O,” li di, “wi, gen youn, li dèyè a la ap gade mouton yo. Li jis chita dèyè a la epi l ap jwe mizik, epi l ap chante, epi l ap rejwi, epi fè nenpòt bagay. Men, li se yon vye ti nèg ak zepòl koube, ki gen lè wouj, li pa t ap janm fè yon wa.”

¹⁴⁰ Li di: “Al chache l.” E lè David rive devan je pwofèt la, pwofèt la kouri ak lwil la epi l te vide l sou tèt li, li di: “Sa se sila Bondye chwazi a.” Pa bèl; men karaktè. Bondye gade sou karaktè.

¹⁴¹ Lòm gade sou bote natirèl. Sa twonpe. E se poutèt sa yo te bay yon fanm bote sa, pou twonpri, pou twonpe. Yon bèl fanm, si l pa sèvi avè l nan bon fason an, se yon malediksyon pou li; ki

pral voye l nan lanfè pi vit pase nenpòt lòt bagay mwen konnen. Si li jis. . . Si li ka bèl, se sèten, toutotan ke l rete ak mari l epi l fè sa ki byen, e sa—sa kòrèk epi trè byen. Men li ka pran menm bagay sa a epi, o la la, kijan li ka twonpe avè l, paske yo te ba li l pou fè sa.

¹⁴² Remake, kounye a, men Bondye prezante nan karaktè. “Pa t gen okenn bote pou plè nou nan Jezi,” men pat janm gen yon karaktè tankou L, sou tè a.

¹⁴³ Kounye a nou dekouvri, jodi a, ke karaktè legliz la—la, Satan ak gwoup li a, yo deyè gwo, bèl legliz, bèl bagay. Se sa mond lan ap gade jodi a. “O, se pastè a, gran *entèl entèl* pou tan an, *tèl tèl bagay*, li tèlman sasèdotal epi nan pyete, l ap avanse, ak gwo soutàn li, ak bagay konsa.” Yo rele sa bote.

¹⁴⁴ Men vrè sen Bondye yo ap chache karaktè Pawòl konfime a.

¹⁴⁵ Se sa sen yo te fè nan jou sa, lè yo te wè Jezi. Li pa t sanble ak anyen pou vire je gade, men yo te wè Bondye te nan Li. Yo te wè Bondye te avè L.

¹⁴⁶ Se konsa ke sila yo, Joab ak moun sa yo ki te avèk David, yon vye ti bonnonm, men yo te wè nonm lan—lan ki te nan li. Yo te wè ke Bondye te nan li, e yo te konnen li ta pral vin sou pouvwa yon jou. Yo. . . Youn te touye senk lòt frè Golyat sa yo, poukont li. Youn te touye twasan zòm; lè kèk fanm t ap ranmase kèk pwa pou dine, e ke lame a te pati, epi li te pran yon lans epi li te touye twasan zòm, Filisten. Karaktè! Poukisa? Yo te rete dwat bò kote David. Yo te konnen onksyon an te sou li, e yo te konnen li t ap vin sou pouvwa a.

¹⁴⁷ Yon imaj pi Legliz la jodi a ki va kanpe bò kote Pawòl la! Nou konnen Li pral konfime. Nou konnen L ap vin sou pouvwa yon jou. Malgre Sayil. . . Epi li te kouri chape devan rès nasyon yo, men yo te konnen li ta pral vin sou pouvwa a. Nou konnen L ap vini sou pouvwa, tou, kifè nou pran Pawòl sa epi nou kanpe la menm, kèlkeswa sa l koute. Si nou dwe rache Filisten yo, oswa sote nan yon twou epi touye yon lyon, tankou youn te fè l, nou prale kanmenm, paske se. . . se fason ke Bondye te prevwa pou l ye. N ap chache karaktè.

¹⁴⁸ Kounye a nou ka mande m: “Poukisa Li te pèmèt li fèt konsa?” Mwen pa vle pran twòp tan, paske mwen gen anpil bagay ankò pou m di la. “Poukisa,” kesyon an te ka poze alò, “poukisa Bondye te fè fanm sa konsa? Poukisa Li te pèmèt li vin konsa?” Se te pou Pwòp bon plezi pa L. Sèten.

¹⁴⁹ Kounye a si nou vle vire nan Bib nou jis yon minit, ann vire nan Women 9, jis yon minit, epi montre nou yon bagay, kijan Bondye fè bagay sa yo, si nou vle pou—pou n li l. E nou ka wè isi a sa Bondye fè pou Pwòp bon plezi pa L. Women 9:14.

Alò bon, kisa sa vle di?

Bondye gen lè ap fè lenjistis devan Li? . . .

¹⁵⁰ Lè Li te chwazi Ezaou, oswa Li te chwazi Jakòb epi Li te rejte Ezaou, anvan youn nan ti gason yo te ka gen dwa fè yon chwa, limenm, okenn nan yo; anvan yo te fèt, yo te ankò nan vant manman an, Bondye te di: “Mwen rayi Ezaou, e Mwen renmen Jakòb.” Ou wè? Poukisa?

Chonje sa Bondye te di Moyiz: M a gen pitye pou moun mwen vle gen pitye, M a lowri kè m pou moun mwen vle.

Se sak fè, bagay konsa pa gade lèzòm, ou mèt tande yo vle, ou mèt tande yo fè. Se bagay ki gade Bondye sèlman, Li menm ki gen kè sansib.

Paske nan Liv la, men sa Bondye di farawon an: Se mwen ki fè ou wa tout espri, pou lè moun wè ou, Mwen ka montre pouvwa mwen, pou moun ka mache fè konnen non mwen toupatou sou latè.

Konsa, Bondye (Kounye a gade isit la.) . . .-sa, Bondye gen pitye pou moun li vle, li fè moun li vle kenbe tèt ak li.

. . .n a mande m: Si se konsa, kisa alò Li gen pou repwoche moun? Ki moun ki te janm kenbe tèt ak Bondye?

Monchè, pito ou mande: kisa m ye pou m ap leve kont Bondye konsa? Pran yon krich: èske krich la ka pale ak moun ki fè l la pou l mande l: Poukisa se sa ou fè m?

Èske moun k ap bat tè pou fè krich la gen dwa fè sa l vle ak tè a, avèk menm pa t labou a, li ka fè de kalite krich: yon bèl krich byen chè ak lòt la bon mache?

Nou pa gen anyen pou n di Bondye ankò. Li vle fè nou wè kòlè li, an menm tan li vle fè nou konnen pouvwa li. Se poutèt sa, . . .pasyans konsa li sipòte moun la ki te merite kòlè li epi ki te tou bon pou mouri.

Li te vle fè nou wè . . .kantite bèl bagay li sere pou moun la lè li gen pitye pou li, pou nou menm li te pare davans pou resevwa bèl bagay li yo.

¹⁵¹ Kounye a diskite sou Sa yon ti moman. Bondye te fè !! Li te dwe fè l fason sa. Li te dwe la. Kounye a koute. Kounye a pandan apeprè senk minit, mwen vle atire atansyon nou sou yon bagay.

¹⁵² Kisa Bondye ye? Bondye se yon gran Etènèl. Nan kòmansman an, byen lontan anvan te gen yon kòmansman, Li pat menm Bondye. Èske nou te konn sa? *Bondye* se yon “objè adorasyon,” e pa t gen anyen pou adore L. Li t ap viv pou kont Li.

¹⁵³ E nan Li te gen atribi. Kisa yon atribi ye? Yon panse. Kounye a n ap jwenn yon bagay k ap touche arebò leson an pou aswè a. Remake, Li te atribi L yo ki te nan Li. Bon, se te nan Li pou L te Papa, se te nan Li pou L te Bondye, se te nan Li pou L te Pitit, se te nan Li pou L te Sovè, se te nan Li pou L te Gerisè. E tout

bagay sa yo isit la jis ap montre atribi L yo. Pa gen anyen ki pa nan lòd. Nou panse Bondye pa t wè lafen an depi nan kòmansman an? Sètènman, Li te wè l. Pa gen anyen ki pa nan lòd, sa jis ap manifeste atribi L yo.

¹⁵⁴ Bon, Li pat ka *jis* epi fè yon nonm tonbe. Li te dwe mete l sou yon baz egal, lib abit moral, pou fè pwòp chwa pa l, men L konnen li ta pral tonbe.

¹⁵⁵ Bon, Li pa ka yon Sovè sòf si yon bagay pèdi. Li pa ka yon Gerisè sòf si yon bagay malad. Bagay sa yo te dwe konsa. Bondye te fè yo konsa pou ke gwo atribi Li yo te ka manifeste. Si pat gen sa, Li pa t ap janm yon Sovè. Men nou konnen se sa Li te ye, menm anvan te gen yon tan, Li te yon Sovè. Li te yon Sovè, kifè dwe gen yon bagay ki pèdi. Kijan sa pral posib?

¹⁵⁶ Si L pran l epi L pèdi l, jis pou L ka sove l, alò se pa jistis pou jijman L. Li pa t ka voye yon nonm nan lanfè, epi pou L jis. Li janti, dou, vre, onèt, e Li se yon gran Jij. Ou wè, Li t ap travay kont Tèt Li.

¹⁵⁷ Kifè Li te dwe mete yon nonm isi a, epi ba li lib abit moral, konsa li tap, nan konnen, li tap tonbe; epi lòm, nan Pwòp imaj Li, kijan l te ka tonbe? Kounye a nou wè Limyè jou a? Kifè, Li te dwe fè yon sou-pwodwi, yon bagay ki sot nan kreyasyon orijinal la. Kounye a nou wè li. Ou wè? Men ni. Ou wè? Alò, se sa ki te tonbe. Li te fè l, paske L konnen li tap tonbe. E yo te remèt sa nan men Satan, pou yon veso sèvis dezonè. Ki kote yo mete lonè jodi a? Panse sou sa. Remake byen kounye a.

¹⁵⁸ Epi ankò, poukisa li te fèt konsa e pa tankou lòt femèl yo, poukisa fanm lan te fèt konsa epi pa lòt femèl yo? Okenn nan lòt femèl yo pat fèt konsa. Yo pa konsa, jodi a. Yo pa kapab. Kòm li pat fèt konsa, li pa ka aji konsa. Poukisa Li pat fè femèl sa alò, yon fanm, jis tankou lòt femèl yo, konsa li t ap jis menm fason an, jis pou elve tibebe l yo? Lè sa a li tap gen mari li, epi viv; e lè tan an rive pou l gen tibebe l, li tap gen tibebe l. Poukisa—poukisa Li te fè l konsa?

¹⁵⁹ Mwen pa ka di pawòl sa yo. E nou konprann de kisa m ap pale a, pa vre? Si nou ka konprann, di “amèn.” [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Wi. Ou wè? Gen jèn tifi ki chita isi a, ak jèn gason, ou wè. Men nou konnen, bèt la dwe vini nan yon sèten moman nan ane a, apre sa li gen konpayon li, apre sa se tou. Men, yon fanm, se nenpòt kilè. E poukisa Li te fè l konsa?

¹⁶⁰ Kounye a gade gran pwogram Li a k ap dewoule, pandan n ap avanse la kounye a, jis osi pafè ke sa ka ye. Mwen pa t konnen sa jouk lòt jou a.

¹⁶¹ Poukisa Li pat fè l konsa depi nan konmansman, tankou rès femèl Li yo? Paske sa pa t ap bon pou Li. Li se Fontèn tout pite a. Se pou rezon sa Li te dwe kite Satan met men sou li, pou fè sa l te fè nan pèvèsyon an. Yon kreyati konsa t ap, pa t ap konfòm ak Li, ki te fèt konsa orijinèlman.

¹⁶² Tout zèw Li yo ke Li te fè, depi nan orijin lan, li nan kontinwite. Tout zèw orijinal Li yo te nan kontinwite. Femèl chen an, mal chen an; ou wè, femèl vach la, mal vach la; tout bagay nan kontinwite. Tout lanati nan kontinwite. Semans lan mouri, antre nan tè a; jis tankou lanmò, antèman, rezirèksyon. Sèw la desann soti nan yon pyebwa, lage fèy li, li retounen ane pwochè ak rezirèksyon an pou yon nouvo fèy. Ou wè sa m vle di? Tout bagay, menm lanati, Bondye, tout nan yon kontinwite, nan youn; e men youn ke yo te fè ki soti nan kontinwite Bondye a. Nati a fèt konsa pou l pa ka peche. Panse! Kreyasyon orijinal la, pa Bondye a, pa t ka fè peche.

¹⁶³ O, èske nou pa wè l kounye a, antan n ap konsidere sa a isit la, pèvèsyon legliz la? Orijinal la se Pawòl Bondye a! Pa gen okenn peche nan Bondye. Ou wè sa m vle di? Men yon kreyati ki vin egziste pa yon pèvèsyon. Bondye pral gen yon Legliz, men gade bagay pèvèti sa a youn genyen isi a.

¹⁶⁴ Bondye gen mal la ak femèl la. Men, fanm sa, ou wè, sentòm sa yo menm montre sa ki te nan panse Bondye. Nou te ka pran inèdtan, oswa de, epi eklèsi sa. Manzè. . . Te fè kreyati sa pou fason sa, Li te fè kreyati a epi L te fè l youn fason pou Satan te ka met men sou li, e li te fè l. Li toujou genyen l. Li ta pi bon pou l kouri al sou Lakwa, tankou lòm, tou.

¹⁶⁵ Remake, tout lanati fonksyone nan kontinwite. Si Li te fè fanm lan nan menm kreyasyon orijinal la, pa t ap gen peche, paske li pa t ap ka fè sa, li pa t ap ka fè l. Li se yon pèvèsyon nan kreyasyon orijinal la.

¹⁶⁶ Se konsa tout peche se yon pèvèsyon Verite orijinal la! Kisa yon manti ye? Se Verite a pèvèti. Kisa yon adiltè ye? Se bon zak la pèvèti. Alò men kreyati pèvèti a, men tout bagay pèvèti a. E tout bagay la eple p-e-c-h-e, poze la menm. Se poutèt sa kesyon an tèlman gran.

¹⁶⁷ Sèlman yon moso, yon fragman, ki fèt ak yon nonm, pou twonpe l; Bondye te fè l, prèv la la isi a menm. Se pou sa li te fèt.

¹⁶⁸ Yon fanm imoral se bagay ki pi ba ke yo ka panse, sou tè a. Ekskize sa, jèn medam yo. Li pa anyen ke yon poubèl imen, yon ekspozisyon sèks. Se tout sa li ye, yon fanm imoral, se yon poubèl seksyèl imen, yon kontaminasyon, kote li jete malpwòpte, salte, dezòd, souyi ki ba. Poukisa li te fèt fason sa a? Pou twonpe. Tout peche ki te janm sou tè a se te yon fanm ki te lakòz li.

¹⁶⁹ Epi yon analis ki jis soti Chicago, yon—yon fanm te ekri atik sa a, fòs polis la, ke yo te fè yon etid, Ozetazini, nan gran vil Etazini yo, ke, “Karevendizwit pousan nan chak krim ki te janm fèt nan nenpòt fòm, nan Etazini, te gen swa yon fanm ladan l oswa deyè l.”

¹⁷⁰ Kounye a m ap di tout bagay sa, pou m rive nan yon sèl bagay isi a nan fen an, pou nou ka wè ki sa k pwoblèm lan.

171 Li te fèt pou sedwi, tankou li te fè Adan nan kòmansman an, lè li di l ke fwi a te agreyab, e latriye, pou sedwi l epi mennen l lwen Pawòl la. Se fason sa legliz la fè jodi a, menm bagay la.

Men answit, apre sa, li vin chèf li, pou domine sou li.

172 Kounye a ala yon diferans nan jou sa a, nan jou konsepsyon sa a. Pase pou misye chèf li, manzè vin dye li. Sèten, li domine l. Kounye a ou ka petèt byen konprann sa m konn atake nan tan lontan an. Pa bote li ak kontwòl sèks li, fòm li ke Satan te ba li a, sou-pwodwi ke Satan te fè a, yo voye l pou sedwi pitit Bondye yo. E li ka mennen plis nan yo nan lanfè pase nenpòt lòt enstriman Satan genyen. Se egzakteman sa.

173 M ap pale de sila ki imoral la kounye a, pa noumenm sè yo. N ap ba nou plas nou, vrè plas nou, nan kèk minit, nan Pawòl Bondye a isi a. Se te nan plan Bondye depi kòmans—kòmansman an.

174 Bon pou fè sa jodi a, kiyès ki dye Etazini an? Nou sonje nan tabènak la dè zane de sa, mwen te preche sou sa? Dye epòk modèn sa a, yon ti dam devègonde ki chita la ak makijaj sou li, epi wòb li rale monte anlè jenou l, ak bagay konsa. Mwen te di: “Men dye w la!” E se vre, li nan chak reklam, mwatye toutouni. Li menm jan an, nan lari a.

175 Se yon enstriman Satan, “depi nan kòmansman an,” Jezi te di. Ou wè? Nou wè ke se konsa li ye kounye a, e “depi nan kòmansman an,” e de sa L ap pale a.

176 Bon, payen yo te konn abitye fè l yon dye, (èske nou te konn sa?) yon deyès. Se sèten. Yo fè l yon deyès, paske yo te konn fè sèks nan kil yo. Yo te deklare ke, “Li te kreyatè a. Nan vant li li te pote semans lan epi li te kreye.” Sa se yon manti. Gen yon sèl Kreyatè, se Bondye. Men nou sonje Pòl la a? “Dyàn, nan Efèz,” yon estati an wòch, ke yo te di ki te “deyès Syèl la, ki te presipite desann.” Nou pa wè kijan kil payen an ye?

177 E nou, san nou pa konn sa, nou retounen tou dwat nan kil payen ankò, pou fanm yo, kreyati ki pi ba a sou tè a, kil pou fanm lan! Li va woule lòm nenpòt jan li vle. E yo pa konnen, deyè tout bote sa sou deyò a, ke lanfè sou anndan an. Salomon te di: “Manzè, pòtay li yo se pòtay lanfè.”

178 Kounye a nou wè klè la a de kisa Jezi te pale nan Apokalips, chapit 2 ak vèsè 15 lan, doktrin Nikolayit la, vini legliz sa k ap rale tèt li lwen Pawòl la.

179 Epitou nou ka wè la, aklè, pwogram vilgè, degoutan, ki pa gen krentif pou Bondye sa yo ke nou genyen nan televizyon, rèn sèks Hollywood yo. Nou ka wè malpwòpte ki nan vil sa, tankou timoun sa yo, vye tifi yo k ap mache monte desann nan lari a isi a, ak ti bout, rad byen sere, ap tòde kò yo, e li fè frèt ase pou l jele yo jouk yo mouri. Yo pa konnen ke se dyab la k ap fè sa. Yo posede ak yon move lespri, epi yo pa konn sa! Ou pa wè yon femèl

chen ap fè sa, pa vre? Ou pa wè okenn lòt femèl ap fè sa, e pa gen okenn mal ki ta gen enterè mache al jwenn li, tou.

¹⁸⁰ Ou wè, kounye a nou konprann imaj la? Nou pral prezante yon bagay jis nan yon moman, si Seyè a vle.

Kounye a nou wè Nikolayit yo, nou wè doktrin yo.

¹⁸¹ Nou wè rèn adolesant yo, jan yo rele yo a, estriptiz sa yo nan lari a. Nou te dwe ale anvan nan yon espektak vilgè yon kote, pou n wè yon estriptiz. Jis louvri je w, gade deyò nan lari a, se tout sa n dwe fè kounye a. Tout bagay la se yon estriptiz. Sèten. Poukisa yo fè l? Pou eksite, pou tante, se pou sèl bagay li ka fè l. Li fè sa paske li sal. Li fè sa paske li fèt fason sa. Li pa reyalize ke li se yon enstriman nan men Satan, e se sa li ye.

¹⁸² Menm nan lekòl nou yo jodi a, y ap anseye zak seksyèl. Mond pouri kil fanm nou an! Mwen konnen yo pa vle kwè sa. Yo pral kanpe la epi chante yon jan de kantik, e latriye, yon sèten jou; epi yo soti ak fanm yo, y ap kouri nan viwonn lan, tout nwit lan. Ou wè? Dakò. Alòske, nan je Bondye, Pawòl la, se li ki pi ba nan tout bèt ke Bondye mete sou tè a. Gade byen.

¹⁸³ Se poutèt sa Bondye entèdi l anseye Pawòl Li. Se vre. En Timote 2:9-15: “Mwen pa pèmèt yon fanm anseye, oswa gen okenn otorite.” Ou wè? Epi tou En Korentyen 14:34: “Ke fanm nou yo rete an silans nan legliz yo, paske yo pa pèmèt yo pale, paske yo kòmande yo pou yo rete an silans; Lalwa di sa tou.” Men, jodi a, kisa legliz la fè? Yo fè li pastè, evanjelis, alòske Bib la entèdi sa konplètman. Epi Bib la di, “jan Lalwa a di tou,” pou fè l mache an kontinwite, tout bagay la.

¹⁸⁴ Jis jan Ayo a te ye, yè swa, sèl kote pou adore a, anba San Ayo ki te vèse a. Se sèl plas la jodi a, nan Kris. Sèl fason w fè se antre nan Li. Sa se sèl kote pou adore. Li te toujou konsa. Sèl kote pou adore se anba San ki te vèse a.

¹⁸⁵ Kifè kounye a nou wè tout tablo sa a k ap dewoule devan nou. Men manzè. Se poutèt sa Bondye p ap kite l anseye, p ap kite l fè anyen nan legliz la ke chita trankil ak yon figi vwale.

¹⁸⁶ Kounye a èske nou ka wè poukisa m te di bagay yo e m te fè bagay ke m te fè yo, alòske m te konnen tout sa nan kè m, frè, sè yo? Mwen konnen, sè yo, mwen. . . nou gen plas nou (jis nan yon moman), epi karaktè mèveye ke Bondye ka fòme nan nou. Men mwen jis ap eseye pale de lòt kote a, pou montre ki kote nou soti an reyaltite, “nan kòmansman an.” Jezi te di nou pou “retounen nan kòmansman an,” pou jwenn li. Se sa n ap fè.

¹⁸⁷ Kounye a mwen te oblije limite tèt mwen nan tèm prensipal yo sou anpil pwèn, e mwen espere ke nou konprann li. E nou menm moun yo ki pral koute bann sa a, mwen espere ke nou va konprann. Jis retounen. Se sèlman pou montre ke Jezi te di: “Retounen, depi nan kòmansman, epi chache konnen.” Tout bagay yo, retounen nan kòmansman an. Ou ka wè, jodi a.

¹⁸⁸ Enben, moun yo, yo di mwen rayi fanm. Sa byen lwen Laverite. Mwen pa fè sa. Yo rele: “Yon rayi fanm.” Sonje, yo te rele Pòl yon rayi fanm. Yon fanm minis, sa pa fè lontan, te di: “O, ou tankou vye Pòl, tout sa li te dwe fè se atake noumenm medam yo.”

¹⁸⁹ Yon sen Bondye, ke yo te pèmèt ekri Bib la, Nouvo Testaman an, epi defye Pawòl li yo? Li te di: “Si yon Zanj ki sot nan Syèl anseye nenpòt lòt bagay pase Sa ke m di a, se pou L modi,” ale wè pou yon fanm predikatè.

¹⁹⁰ Yo te di Eli te yon rayi fanm. Li pat yon rayi fanm, pou vrè fanm yo. Li jis pa t renmen Jezabèl yo.

¹⁹¹ E si se te konsa, alò nesèsman Bondye dwe menm jan an, paske Li se Pawòl ki vin jwenn pwofèt yo. Kifè se dwe Bondye, menm jan an, kifè, ou wè, Li konnen kreyasyon orijinal la, “depi nan kòmansman an,” Li di, “depi nan kòmansman an.” Yo te pwofèt ke Pawòl la te vin jwenn.

¹⁹² E Li te fè manzè pou lòm, e pa lòm pou manzè. Èske nou te konnen sa, ke, “Fanm te fèt pou gason, e pa gason pou fanm”? Konbyen moun ki konn sa? Bib la anseye sa. Dakò. Yo te ba l yon pozisyon avèk lòm, anvan chit la, li te egal avè l pou dominen sou tout kreyasyon an. Men “apre” chit la, kounye a men n ap abòde sijè a. Men “apre” chit la, misye te chéf manzè, manzè dwe rete an silans nan tout zafè, kounye a apre kòmansman orijinal la fini.

¹⁹³ Jezi di: “Se pat konsa depi nan kòmansman.” Sa se lè tan an te kòmanse, lè Bondye te fè l an premye nan kreyasyon orijinal Li. Tout sa ki konprann, di “amèn” ankò. [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Nan kòmansman an Bondye te kreye jis yon mal ak yon femèl. Men alò fanm lan te fèt diferan ak bèt yo, tout lòt bèt yo, pou twonpe. Kounye a gade kounye a: “Se pat konsa depi nan kòmansman an.” Li te fèt, si l te rete nan kondisyon orijinal la, li pa t ap janm gen okenn chit. Men li te lakòz chit la ak entèripsyon an ki te kraze tout kontinwite Bondye a, e li te jete lanmò, lapenn, ak tout lòt bagay, sou tè a. Manzè te fèt konsa.

¹⁹⁴ Kounye a remake. Kounye a, *apre* kòmansman an, *apre* kòmansman an, *apre* tan te kòmanse; anvan sa, se te Letènite, se fini. Remake, apre Èv te fin lakoz chit sa, apre chit la, te bezwen gen yon lòt alyans ki fèt. Kounye a sa pral fè w bite, men m pral ba ou Lekriti pou pwouve ke sa se Laverite. Kounye a remake apre chit la, Jezi te di . . . Bondye, nan kòmansman an, te fè youn nan chak espès; men kounye a, apre chit la, kounye a nou pral pi lwen pase sa. Alyans lan se te egal ego; men kounye a, apre chit la, gen yon lòt alyans ki fèt. Kounye a li pa t gouvène avè l ankò, yo chak dwe gen yon alyans separe.

¹⁹⁵ Kounye a ann wè si se vre. Ann pran Jenèz 3, epi chache konnen si sa a kòrèk, kounye a pandan n ap avanse, paske nou vle sèten ke bagay sa yo, ki anseye yo epi ki prezante yo yo

egzakteman vre. Konsa petèt isi a menm nou gen yon ti tan, paske nou pa twò lwen fen an kounye a, pou rive nan pati final la nan sijè a, pou montre *poukisa* ak *kisa* konsènan divòs yo, e latriye. Kounye a nan Jenèz chapit 3 a, e nou pral kòmanse kounye a ak vèsè 3, ak 16 la. Ann kòmanse nan vèsè 14 la.

Se yè a, . . . di sèpan an konsa. (kounye a Li pral modi l), Poutèt sa ou—ou fè a, ou madichonnen nan mitan tout bèt jaden yo . . . tout bèt nan bwa. Epi ou va rale sou vant ou. Ou va manje pousyè tè jouk jou ou mouri.

Ou menm ak fanm lan, m ap fè nou lènmi yonn ak lòt. Pitit pitit fanm lan ak pitit pitit pa ou ap lènmi tou. Epi pitit pitit li ap kraze tèt ou, epi ou menm ou va mòde l nan talon pye l. (Pwomès la, “ki ta pral vini atravè fanm lan,” Mesì a, pou rachte.)

Li di fanm lan . . .

¹⁹⁶ Kounye a gade, kounye a men alyans lan ak sèpan an. Se ke, tout bagay te kòrèk anvan pou yo tout, nan kòmansman an, oswa anvan kòmansman an.

Li di fanm lan. Lè w ap fè pitit, m ap fè soufrans ou yo vin pi rèd. epi wa gen pou soufri anpil lè ou va akouche. W ap toujou anvi mari ou. Men, se mari ou ki va chèf ou. (Yo pa egal ansanm ankò ditou.)

¹⁹⁷ Kounye a manzè vire tounen drèt, e se li ki chèf la.

Aprè sa li di Adan: Paske ou koute pawòl madanm ou, Ou manje fwi pyebwa mwen te ba ou lòd pa manje . . . se pou m madichonnen tè a. (pa madichonnen Adan, kounye a) Poutèt sa ou fè a, se pou m madichonnen tè a. W a gen pou travay di toutan pou fè tè a bay sa ou va bezwen pou viv.

Tè a va kale tout kalite pikan ak pengwen ba ou. W a manje fèy ki pouse nan raje.

Epi nan swe kouraj ou ki pou fè ou va mete yon moso pen nan bouch ou jouk lè wa tounen nan tè kote ou soti a. Paske, se pousyè—se pousyè ou ye, ou gen pou tounen pousyè ankò.

¹⁹⁸ De alyans. Kounye a men sa ki fèmèn “kòmansman an,” de sa Jezi te di: “Se pa t konsa nan kòmansman an.” Nou gen yon lòt alyans kounye a. Remake, se yon lòt alyans. Kounye a gen yon alyans pou pwodwi a, ak sou-pwodwi a. Remake, chit la te pote pwoblèm, lanmò, pou tout kreyati nan kreyasyon an, antrene yon chanjman nan tout lanati. Kounye a annou remake sa Jezi te di sou, “depi nan kòmansman an se pa t konsa.” Kounye a li pa konsa “depi,” kounye a se “apre” kòmansman an. Kounye a gen yon doub alyans.

¹⁹⁹ An premye se te jis yon alyans, Adan ak Èv te egal ansanm, yon nonm ak yon fanm. Kounye a fanm lan te peche, e (kisa l fè?)

sa te voye yo tout jete nan lanmò, e Bondye te dwe fè yon alyans pa sa, yon lòt alyans. Men li drèt isi a nan Jenèz 3:16, Li te fè yon lòt alyans.

²⁰⁰ Kounye a mond lan dwe repeple, pa pa kreyasyon orijinal Bondye a, tankou nan kòmansman an, pa pa kreyasyon orijinal la, men pa dezi seksyèl. Bon sa regle “kòmansman an,” se pa sa? Nan kòmansman an te gen sèlman yon gason ak yon fanm, yon mal ak yon femèl; men lè li te janbe liy sa epi l te pote peche sa a, kounye a mond lan dwe repeple ankò, pa sèks, pa pa kreyasyon; pa sèks. Ou wè ki kote fanm lan ye kounye a? Kounye a, men se fason sa mond lan peple jodi a, atravè fanm yo.

²⁰¹ Se pou rezon sa Jezi te dwe vini pa fanm lan, pou mennen sa a tounen nan kòmansman orijinal li ankò, san dezi seksyèl. Li ne de yon vyèj. Men, alelouya, gen yon tan ki pral rive kote p ap gen sèks ankò, men Bondye va rele pitit Li yo soti nan pousyè tè a, tounen tankou yo te ye nan orijin lan, pa atravè yon fanm; men petri atravè ajil la ak limyè kosmik yo, ak petwòl la, Li pral kreye ankò tankou Li te fè Adan nan premye fwa a. Jezi te rann sa posib, pa Bondye ki te fè Tèt Li yon Nonm epi Li te vini nan mond lan pou L te ka mouri, atravè fanm sa. Kounye a se tan tès la, pa peche.

²⁰² Kounye a nou wè alò, “apre” kòmansman an, se te yon lòt bagay ki te antre. Kounye a sa pral choke nou. Èske nou fatige? [Kongregasyon an di: “Non.”—Èditè a.] Jis chita poze jis yon ti kras pi lontan.

²⁰³ Alò lè gason ak fanm te fè doub alyans lan, atravè sèks, yon lòt alyans nèt (pa alyans orijinal la, men yon lòt alyans), kounye a kisa k antre? Poligami, toupatou. Kidonk, apre kòmansman an, poligami te antre alafwa nan lòm ak nan bèt; apre kòmansman an, chit la. Bondye kounye a, dezyèmman, mete yon nouvo nati ankò, pa sèks. Bondye te kreye premye a san sèks. Èske nou kwè sa? Kounye a se yon lòt alyans ak lanati, Li mete l nan yon lòt lòd, pa sèks. Dezyèm alyans lan: yon sèl mal, plizyè femèl; yon sèl mal sèf, tout yon arèm ak femèl bich. Èske se vre? Yon sèl towò bèf, tout on twoupo betay, vach; yon sèl kòk, yon lakou plen poul. Èske se vre? Yon sèl David, dapre Pwòp kè L, ak senksan madanm; ak yon santèn timoun ki fèt pou li, nan yon lane, ak diferan fanm, um-hum, yon nonm selon Pwòp kè Bondye. Yon sèl Salomon, ak mil madanm. Men remake kounye a, li pa t konsa nan kòmansman an, men kounye a se “apre” kòmansman an. Fanm lan te fè sa, alò li jis vin sa li ye kounye a. Ou wè?

²⁰⁴ David, wa ki te reprezante Kris la! Kenbe sa nan tèt nou. David te reprezante Kris. Èske nou kwè sa? Kris chita . . . pral chita sou twòn li. E David sa, yon nonm selon Pwòp kè Bondye, te gen senksan madanm. Ou wè sa m vle di? David ak senksan madanm li yo, Salomon ak mil pa l yo. E Salomon se pitit gason David, nan domèn natirèl; ki reprezante Jezikri, Fis de David la,

nan domèn espiritiyèl. Men nan ka natirèl sa, se lavi seksyèl. La a se pral sa ki espiritiyèl la, kreye, enben, kreye. Ou wè? Se fason sa li te ye nan kòmansman an, men pa kounye a nan lavi sa a n ap viv ladann kounye a.

205 Remake, pa rate sa kounye a, fè tout sa desann nan kè nou. Men pa gen youn nan fanm sa yo ki te ka menm gen yon sèl mari an plis. Li se kreyasyon orijinal la, pa manzè. Pa gen youn nan fanm sa yo ki te ka gen yon mari an plis, men grenn mari sa a te ka gen mil madanm. Sa se ENSI DI SEYÈ A. Sa se Bib la. Kounye a m te retounen, m te pran tan m epi m te montre nou anvan laba kote sa te kòmanse, sa Jezi te di. Kounye a èske nou wè l aklè? Yo te ka gen otan . . .

206 “O,” ou di, “sa te jis pou Izrayèl.” Èske se sa?

207 Lè Abraham te mennen Sarah nan peyi Filisten yo, te gen yon wa laba a ki te rele Abimelèk. E Sarah te gen santan, toupre sa, men li te tounen yon jèn fanm epi sa te fè l bèl. Èske nou konn sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Dakò. Epi Abimelèk te vle l pou madanm. Nou sonje Mesaj mwen an sou sa? Abimelèk te vle pran Sara pou madanm. Petèt li te gen yon arèm, men li pat ka pran l si l te marye ak Abraham. Alò Abraham te di Sara: “Di ke ou se, ‘frè m,’ paske li pral touye m pou l ka genyen w.” Poukisa li pat jis chase Abraham sot nan peyi a, epi pran madanm li epi kontinye? Se pa sèlman yon lwa pou kwayan yo, men pou tout moun nan kreyasyon an. Pechè oswa yon sen, ou responsab, lòm, pou zak sa yo. Men se te yon wa payen. Konbyen moun ki konnen istwa sa vrè? [“Amèn.”] Li nan Bib la, Jenèz, apeprè chapit 16 la, mwen panse.

208 Nou remake, Abimelèk ta pran l pou madanm. Li te ranje kò l pou l gen nouvo tifi Ebre sa a. Epi li di: “Sa se . . .” Manzè di: “Sa se frè m.”

Li di: “Sa se sè m.”

209 Epi Abimelèk di: “M ap jis pran l pou madanm alò.” Èske w te ka imajine yon nonm k ap fè yon bagay konsa? Men li te fè l.

210 Epi nwit sa, pandan l t al dòmi, Seyè a te parèt devan l nan yon rèv, epi L di: “Abimelèk, ou bon menm jan ak yon nonm ki mouri.” Li t ap pwoteje sa, kouran san Jwif sa la, ou wè. Li di: “Ou bon menm jan ak yon nonm ki mouri. Ou gen madanm yon lòt nonm w ap pare pou w marye.”

211 Li di: “Seyè, Ou konn entegrite kè m.” Li di: “Èske li pat di m ke se te ‘frè’ li? Èske li menm li pa t di: ‘Sa se sè m?’”

212 Li di: “Mwen konn entegrite kè w, se rezon sa a Mwen pa t ap pèmèt ou peche kont Mwen.” Èske se vrè? Li di: “Remèt madanm li, paske nonm sa se pwofèt Mwen. E amwenske ou retounen ba l madanm li . . . Epi kite se li ki priye pou ou, pa prèt ou a. Si l pa priye pou ou, tout nasyon w la disparèt.” Amèn. Men gras etonan. Se vrè. “Tout nasyon w lan disparèt. Sa se madanm nonm sa, e li

se pwofèt Mwen.” Amèn. Sa se ENSI DI SEYÈ A. Sa se Lekriti. Se vre.

213 Kounye a nou dekouvri, sa te kòz lanmò. Lanmò se kòz peche fanm lan, li vini pa fanm lan e non pa gason an. Pa fason l ap viv lavi l, e pa li, tout lanmò vini. Fason li bay lavi se lanmò. Konbyen moun ki konn sa? Jòb 14, si w vle make Lekriti a.

214 Mwen gen, si w poze kesyon sou sa a, mwen gen Ekriti yo ekri pou chak pati nan sa.

215 Si nou vle li Jòb 14 la, Sa di: “Nonm ki ne de fanm lan jou li kout, e li plen ak pwoblèm.” Èske se vre? “Li monte tankou flè a, yo koupe l, epi li deperi,” e latriye. Ou wè? Chak gason ki ne de yon fanm, fèt nan lanmò osito li vini.

216 Men lè l fèt nan kreyasyon Bondye a, li pa ka mouri; li soti nan lòt Pyebwa sa ki te nan jaden Edenn lan, Kris. Lavi Etènèl vini pa Pyebwa a.

217 “O,” ou di, “li te yon pyebwa?” Sèten. “Ebyen, yo te di: ‘Ou pa dwe manje nan pyebwa sa.’ Bondye te di, nan Jenèz anvan laba a: ‘Ou pa dwe manje nan pyebwa sa.’”

218 Ebyen, fanm lan se pyebwa a. Li se pyebwa ki donnen fwi a. Ou se fwi manman w. Fwi matris la se ou. Se vre. Epi fwi Pyebwa Lavi a, ki te nan jaden Edenn lan, se Kris. Atravè fanm lan lanmò vini; atravè Lòm lan, nan kreyasyon orijinal la, Lavi vini. Pou w ne de yon fanm se lanmò; pou w ne de Kris se Lavi. Konprann lide a? Se la l ye. Kounye a nou wè ki kote deyès yo te ale, pa vre?

219 An premye Adan ak Èv te tipifye dezyèm Adan ak Èv la, ou wè, multiplikasyon an. Kounye a multiplikasyon Adan ak Èv se te atravè sèks, pou ranpli tè a, men se pa t konsa nan kòmansman an. Bondye te jis fè yon gason ak yon fanm, tankou Li te fè lòt kreyati L yo, ou wè, legal, jis tankou Legliz la.

220 Kounye a annou, nan konsiderasyon pou Verite Bondye konfime sa yo, chache yon ti kras pi lwen, si nou vle. [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Dakò. Kounye a sa ka fè mal jis yon ti kras jouk nou rive nan fon kesyon an, men mwen jis pral montre nou Laverite sou sa.

221 Pa gen okenn minis ki ka marye ak yon vè. Èske nou te konn sa? Nou vle li sa? Dakò, nou jwenn nan Levitik yo, Levitik 21:7 ak Ezekeyèl 44:22, e Sa va montre nou ke pretriz la pa t pou marye ak yon fanm ke lòm te touche. Se tip Lepouz vyè Jezikri a, paske yo te manipile Dife Bondye a, prèt yo te fè sa, pitit gason Arawon yo. Nou pa gen tan pou nou li tout Sa, epi soti a midi, nou gen ven minit ankò. E sila yo se pitit gason Arawon yo ki te manipile Dife Bondye a—a—a, kifè yo pat ka marye ak yon fanm ke yon lòt gason te touche. Bondye ki pa chanje a te di sa. Yo pat ka marye ak yon lòt fanm, ak yon fanm ki te touche pa yon nonnm, sa ki montre an tip isi a, si w vle wè l, ke Legliz Bondye vivan an se

Pawòl Bondye a, piman, ki pa melanje, e se pa yon denominasyon ke lòm te manipile.

222 Remake byen, ann li sa isi a. Mwen vle fè nou konprann sa. Matye 5, Jezi te pale isi a de yon bagay ki vrèman gen yon enpòtans vital. Nou vle wè l, Matye 5. Mwen te ekri sou . . .

223 Mwen te note kèk nan bagay mwen ta pral di jis pou mesye yo, kifè sa pat vrèman fasil pou di l jis devan sè nou yo. Men mwen vle pou—pou m sot isi a kounye a anvan . . .

224 Kounye a, sè, mwen vle mete w nan plas kote Pawòl Bondye a te pwomèt ou a, e ou va wè epi rete nan plas sa, tou.

225 Matye 5:32. Mwen vle nou remake la, pou soutni menm lide sa a de “youn” ak “anpil.” Matye, trant- . . . Mwen panse se Matye 5:32, 31 pou kòmansè.

Yo te konn di nou tou: Si yon nonm vle kite ak madanm li, fòk li ekri l yon papye divòs.

226 Se Jezi k ap pale, Sila a ki te di, “depi nan kòmansman an.” Kounye a gade.

Men mwen menm, men sa m ap di nou: Yon nonm ki kite ak madanm li, si se pa . . . fònikasyon yo, nonm sa a li lakòz madanm lan fè adiltè. . . (ou wè) Yon nonm ki kite ak madanm li, si se pa . . . fònikasyon, nonm sa a li lakòz madanm lan fè adiltè. (Poukisa? L ap marye ankò.) Konsa tou, yon nonm ki marye ak yon madanm mari l kite l, li te fè adiltè tou.

227 Ou wè, li gen yon mari vivan, kifè okenn gason pa ka marye avè l. Pe enpòt kisa l fè ak kimoun li ye, li gen yon mari vivan, pa gen okenn konsiderasyon pou li ditou. Men, sa pa aplike, pou misye. “Ki lakòz manzè,” pa misye. Konprann li? Ou dwe fè Pawòl la fonksyone nan kontinwite. Ou wè, pa gen anyen ki di misye pa t kapab, men manzè pa kapab. Ou wè, “Ki lakòz manzè,” pa misye. Se egzakteman sa Bib la di, “ki lakòz manzè.” Li pa deklare kont misye pou remarye, men “manzè.” Poukisa? Se Kris sou fòm tip.

228 Remake, li deklare ke misye pa ka remarye, amwens ke se avèk yon vyèj. Li ka remarye. Li ka ma- . . . li ka remarye ankò si se avèk yon vyèj, men li pa ka marye ak madanm yon lòt moun. Non tout bon. E si l marye ak yon fanm divòse, l ap viv nan adiltè, m pa bezwen konnen kimoun li ye. Bib la di: “Yon moun ki marye ak manzè ke yo kite avè l, ap viv nan adiltè.” Men ni, pa okenn fanm divòse.

229 Ou wè sa ki orijinal la laba a, “depi nan kòmansman an,” kounye a? Remarye, kounye a remake, misye kapab, men manzè pa kapab. Tankou David, tankou Salomon, tankou kontinwite tout Bib la, kounye a, menm jan ak David ak rèz ladan yo.

230 Bon remake nan En Korentyen 7:10, remake, Pòl kòmande madanm lan ki se, ki divòse ak mari l, pou l rete selibatè oswa

rekonsilye, pa pou l remarye. Li dwe rete selibatè, oswa pou l rekonsilye ak mari l. Li pa ka remarye. Li dwe rete selibatè, men, remake, li pa t janm pale de mesye a. Ou wè, ou pa ka fè Pawòl la bay manti. “Depi nan kòmansman an,” lwa sèks la pa poligami. Kounye a, Pawòl Bondye a mache fidèl ak nati Bondye a, li fonksyone nan kontinwite.

231 Nou wè ki jan gen yon lekòl ki te ale nan lès, e lòt la ki te ale nan lwès, sou sa? Nou dwe retounen nan Laverite, pou jwenn ki sa li ye.

232 Li te toujou konsa, sa se alyans regilye avèk Bondye depi nan kòmansman an. *Premyèman*, anvan kòmansman an, depi nan kòmansman an te gen jis youn ak youn. *Après* peche a te antre, alò te gen yon nonm ak yon pakèt fanm; se konsa sa mache nan lanati, chak bèt, epi èt imen ak chè natirèl se bèt. Nou se mamifè, nou konn sa, nou tout, ou wè, e se tout nati Bondye nan kontinwite.

233 Men kounye a ke So yo louvri, Lespri Verite a dirije nou nan Pawòl la. Sa eksplike poukisa tout erè yo te fèt atravè aj yo, paske So yo pat louvri, Sa pat revele. Se vre.

234 Remake, nou, nou pa ka twonpe nou antan n ap swiv lonbraj yo. Jan m t ap preche ban nou yè swa sou lonbraj la ki pwojite atè a, li dwe bay yon bagay ki jis. Kijan ka gen yon lonbraj yon elefan ki pwojite atè a, epi se yon ti bout nonm chetif ki koresponn ak elefan an, oswa elefan an ki koresponn ak ti nonm, chetif la?

235 Kounye a si nou vle obsève li nan tip pafè a.

236 Kounye a, gen yon vrè fanm, yon vrè fanm, vyèj, ki marye ak mari l, epi k ap viv, e li se yon bagay beni pou mesye a. Si Bondye te ka bay pitit gason L yon pi bon bagay pase yon madanm, Li t ap ba li sa.

237 Men li fèt pou yon zak seksyèl, e pa gen okenn lòt bèt ki fèt konsa. Nanpwen lòt kreyati sou tè a ki fèt konsa. Se rezon sa ou wè poligami, poutèt sa. Se sa ki te mennen l vini.

238 Kounye a gade, nan dènye analiz la, gade, gen yon sèl Jezikri (èske se vre?), yon Nonm, Bondye, Emanyèl. Èske nou kwè sa? Men manm Madanm Li an yo anpil, ou wè, dè milye fwa dè milye de milye (èske se vre?), Madanm Li, Lepouz la, Legliz la. Nou konprann kounye a?

239 Se poutèt sa Li te di Adan, anvan yo te janm endwi oswa intwodwi sèks: “Miltipliye, ranpli tè a,” alòske li te toujou nan kòmansman an, lè li te ankò gason ak fi toulede nan limenm. La a, sa montre alò ke Lepouz la dwe soti nan Pawòl la, pa miltiplikasyon espirityèl, miltiplikasyon yo, ou wè, ranpli tè a.

240 Kounye a nan zak sèks la, ou wè, lekòl yo melanje de bagay sa yo. Se poutèt sa ou pa ka fè l, ou dwe fè l retounen nan Laverite sou li, “nan kòmansman an.”

241 Epi alafen va gen yon sèl Seyè Jezi, ak Lepouz Li ki anpil, nan sengilye. Nou konprann li? Te gen yon sèl David sou yon sèl twòn, yon wa (selon Pwòp kè Bondye) ak senksan madanm. Jezi chita sou Twòn Li (Alelouya!) nan Milenyòm lan, ak yon Madanm; tankou sa te ye nan kòmansman an, ki te kreye apati de tè a, pa men Bondye Toupwisan an, nan rezirèksyon an, ak anpil manm. Men ni.

242 Fanm yo, lite pou nou vin sa, antre nan Kris, alò nou p ap nan dezòd sal sa deyò a. Men toutotan ke w se jis yon manm legliz k ap eseye viv moral epi byen, oumenm, ou p ap janm reyisi. Ni yon nonm pa ka reyisi l andeyò Kris. Jan Pòl te kontinye pou l di: “Men la, nan Kris, pa gen ni gason ni fi.” Yo tout fè youn.

243 Men pou sa k konsène redrese *Maryaj Ak Divòs* sa a, pou nou ta konnen kilès ki te gen rezon ak kilès ki te antò, kounye a Li montre aklè isi a nan tip sa yo. Gen yon sèl Kris, ak anpil manm ki fòme Lepouz sa a. Remake, Li ka repidyè nou pou fònikasyon espirityèl ak fo doktrin, nenpòt lè Li vle; men kijan w ta oze eseye kite avè L, epi pou w ta reyisi? Mesye a ka repidyè madanm li epi marye ak yon lòt; men fanm lan pa ka repidyè mari l epi marye ak yon lòt. Ou wè tout lonbraj yo ak tip yo la a ki balanse parfètman? Gade kreyasyon orijinal la; pa sou-pwodwi a okenn kote. Pa legliz la; Lepouz la atravè Pawòl la. Se pa fanm lan; mesye a, chak fwa. Se poutèt sa li pa janm di anyen kont mesye k ap fè l la; se toujou fanm lan. Se egzakteman sa.

244 Men li ka Lepouz Kris la, antan li . . . Epi sonje, li etan yon pati nan yon nonm, Bib la te di ke li ka . . . “Men Mwen pa pèmèt yon fanm anseye, oswa pran okenn otorite, men pou l rete an silans. Paske Adan te fòme an premye, e apre sa Èv. E Adan pa t sedwi, men sou-pwodwi a te sedwi. Kwaksa li va sove si li kontinye nan sentete ak moderasyon, ak nan fè pitit, ak tout bagay konsa,” paske lè sa li vin yon pati nan nonm sa a. Se sa ki pote . . .

245 Poukisa Abraham pat . . . Poukisa Bondye pat touye Sarah ki te chita la menm, ki t ap nye, epi ki t ap bay manti dwat nan figi Bondye? Li te chita la tankou yon Nonm mòtèl, ap manje chè, manje pen, bwè lèt, epi Li di: “Poukisa Sarah te ri dèyè la a sou dèyè a,” dèyè Li, nan tant lan, Li pa t janm wè l, “ap di sa: ‘Kijan bagay sa yo ka rive?’”

246 Manzè di: “Mwen pa t janm di l!” O, o, la la! Di Bondye ke Li se yon mantè, nan figi L? Men Li pat ka pran l. Poukisa? Li se yon pati nan Abraham. Amèn. Li pa t ka fè l mal san l pa fè Abraham mal.

247 Kounye a nou menm fanm nou wè kote pou nou ye. Epi Bib la di: “Nou menm fanm nou dwe tankou Sarah te ye a, ki te dekore tèt li ak rad modès, li te viv onèt epi fidèl ak pwòp mari l, tèlman renmen l ke misye . . . manzè te rele l ‘seyè li,’” chèf, sa k pou li.

248 E nou menm, kèk nan fanm yo, mete rad degoutan sa yo sou nou epi soti la pou voye tèt nou devan lòm. Jezi di: “Nenpòt moun ki gade yon fanm pou anvi li deja komèt adiltè avè l nan kè l.” Alò ki moun ki koupab, nonm lan oswa oumenm? Li se yon gason, ki fèt pou l te ka fè zak sa, ou wè; epi ou se fi a, ki ta dwe refize.

249 E poukisa nou mete tèt nou deyò antan nou abiye konsa? Se pa pou alèz, nou konnen li pa ka sa, lè nou mwatye jele amò ak bout pantalon sa yo sou nou. Ou wè, sa pa ka pou alèz. Alò kisa l ye? Se pou malpwòpte! Nou p ap admèt li, men se Bib la ki di sa. Se Laverite. Se yon lespri sal ki nan nou. Nou pa vle sal; men nou pa reyalize, esprityèlman nou sal, paske nou prezante tèt nou sal.

250 Kounye a, yon nonm, ak vye jenou sal li yo, ki gen ti chè sou yo, e si l te apèn gen rad sou li limenm, sa pa t ap fè okenn diferans, kò l pa tante. Poukisa? Li te nan kreyasyon orijinal la, karaktè; se sa ki ta dwe la, ou wè. Men, ou se sou-pwodwi a, ki sèvi pou tante.

251 Bondye, gen pitye! O, la la, mond pechè sa a! M ap kontan lè sa fini.

252 Remake, Li ka repidyè madanm Li nenpòt lè L vle, men manzè pa ka repidyè L; Li ka fè m, Li ka jete m nan pousyè nenpòt lè Li gen lide pou fè l, men, o, frè, pito m pa janm eseye jete L la, mwen fini.

253 Salomon te ka marye ak nenpòt fanm ki pat marye, li te ka marye ak nenpòt fanm li te vle. Yon prèt te ka marye sèlman ak yon fanm ki te yon vyèj. Salomon . . .

254 Tankou David, li te marye ak (kijan li te rele?) Abigayil. Se ke, te gen yon nonm yo te rele yon “fou,” li te gen yon bèl madanm, e li te mouri. Epi Abigayil te marye ak David; li te yon wa, pa yon prèt, ou wè, kifè li—li te marye.

255 Men yon prèt pat ka fè sa, paske li te manyen oswa pran yon fanm pou vin madanm li ki te deja madanm yon nonm. Kifè sa montre vijinite Legliz Seyè Jezikri a, Lepouz la pral Pawòl la, san melanj, nanpwen yon sèl Pawòl ki manke okenn kote. Sètènman. Èske w te ka imagine yon epouz kòrèk, yon tete koupe, epi, lòt la, yon lòt bagay ki pa bon, ou konnen? Sa pa pral Lepouz Kris la. Li pafè. Li se tout Pawòl la nèt, nanpwen yon sèl Pawòl ki fè defo pyès kote. Non.

256 Remake, Li ka repidyè l, men manzè pa ka repidyè L. Li te fè l, Li pwouve l, nan epòk lè Luther, Wesley, ak Pannkot, lè yo te refize vin yon pi gran pati nan Li nan genyen relasyon seksyèl esprityèl pou vin ansent ak yon pi gran pati nan Pawòl la. Nou konprann? Li te refize. Legliz Literyen an te refize pou Kris gen okenn dezi ankò avè l; Luther te refize sa. Epi kite m di sa, nou pral rele m yon bagay kanmenm; se konsa l ye jodi a ak chak grenn nan yo, yo pa aksepte Pawòl sa, yo refize Kris!

257 E nenpòt fanm ki refize bay yon nonm yon pitit, pa gen okenn dwa pou l madanm li. Amèn. Nou sonje, nan Bib la, lè wa a te marye ak Estè? Paske rèn lan te refize, li te jis pran yon lòt pou tèt li. E lè . . . Kisa k te rive lè li te refize parèt ak wa a epi obeyi li? Se menm bagay la ak yon fanm ki refize pou l yon madanm pou mari l.

258 E se konsa l ye ak legliz la ki refize vin ansent nan laj ke n ap viv ladann kounye a, pou fè pitit pou laj sa a. Nou pa Literyen, nou pa Wesley, ni nou pa Pannkotis! Nou dwe timoun laj sa, atravè gwosès Pawòl Bondye a, pou fè yon Timoun pou laj sa, Timoun Semans lan. Amèn. Mwen espere nou konprann. Li pa t ka ansent, non, kifè kisa L te fè? Li te repidyè l, nan divòs. Se vre. Men manzè pa oze repidyè L. Se Li ki repidyè manzè.

259 Li te kontinye dwat ap revele Pawòl Li bay Kò a, epi konfime Tèt Li, menm lan, pa Limenm. Pitit li yo kòmanse yon jan sanble pi plis avè L, paske L ap pran matirite an plen, oswa, yo vin pitit Pawòl la, pa pitit legliz la. Pitit Pawòl la! Epi Lepouz la pral yon bèl ti Dam Pawòl la, san melanj, okenn òganizasyon nonm pa manyen li, okenn teyori ke lòm te fè. L ap piman san melanj, Lepouz Pawòl la! Amèn e amèn! Mwen espere nou konprann sa, nou menm k ap koute. Li pral pitit fi Bondye ki ansent lan.

260 Ou wè ki gran lonè yon fanm ka ye? Ou wè ki gwo bagay legliz la ka ye, men ou wè kote malpwòpte mennen li? Apre sa ap eseye konpare legliz sa laba a ak Legliz isi a, ou pa ka fè l. Epi eseye konpare pwostitye nan lari a ak Legliz Bondye vivan an; oswa fanm lan, fanm ki kòrèk la, ak yon pwostitye?

261 Poukisa gen bagay konsa? Se yon lwa Bondye, lwa kontras yo. Kijan nou pral konnen kòman pou n apresye limyè lajounen si pat gen yon nwit? Kijan nou pral konnen kòman pou n apresye tan sèk la si pa t gen lapli? Kijan nou t ap konnen pou nou apresye epi respekte yon vrè fanm, si pat gen youn ki enpi?

262 Li te kontinye drèt ap revele Li, ap revele Pawòl Li, men pa kite okenn nan nou oze eseye repidyè L epi marye ak yon lòt.

263 Kounye a se sèten li klè poukisa toulède teyori yo fo. Ou pa ka pati nan direksyon *sa*, se t ap fini; si w pati *la*, w ale pi lwen pase pwomès la. *Men* pwomès la, men bagay la drèt la. Pawòl la pa kontradiktwa. Li dwe rete nan kontinwite kounye a, pa plis ke Matye 28:19 kontredi Ak 2:38.

264 Kounye a, kèk nan nou medam yo, kèk nan nou mesye yo, mwen—mwen konnen nou—nou pa dakò avèk Sa. Paske, nou konnen, nou pa ka kache sa kounye a. Nou pa kapab.

265 Men kite m jis montre nou yon bagay. Si Matye 28:19 te di: “Se poutèt sa ale, anseye tout nasyon yo, nan batize yo nan Non Papa a, ak Pitit la, ak Sentespri a,” e yo te vire tounen, e tout moun ki te janm batize te batize kontrè ak sa, te batize nan Non Jezikri, pou menm tout atravè laj Bib la e pandan twasan lane

apre laj Bib la, jouk Konsèy Nise a. Apre sa yo te adopte dògm pito. Ki diferans ki genyen, si li pa revele?

²⁶⁶ E èske nou konnen tout Liv la, tout Bib la, se yon revelasyon? Se konsa nou dwe konnen laverite ant sila a ak lòt la, se paske Se yon revelasyon. E revelasyon an dwe egzaktman avèk Pawòl la, pa kontrè ak Pawòl la. Ou di: “Ebyen, mwen, li te revele pou mwen.” Alò si li kontrè ak Pawòl la, li pa janm soti kot Bondye. Se vre.

²⁶⁷ Kounye a si w vle pran Mat-...Matye 16:18. Jezi te di, Limenm, ke tout Legliz la, Legliz Li a, t ap bati sou revelasyon espirityèl Li menm, ki se Pawòl la. “Mwen di w, ke ou se Pyè. . . E chè ak san pa t janm revele w sa, men Papa M ki nan Syèl la te revele w sa. E sou wòch sa. . .”

²⁶⁸ Bon, mwen konnen, zanmi Katolik nou yo la, nou di: “Li te bati sou Pyè, e Pyè apostolik la, alò, *Entèl entèl*, nan yon konsantman apostolik, siksesyon.”

Pwotestan yo te di: “Li te bati sou Jezikri.”

²⁶⁹ Se pa pou diferan, men pran jis sa Li te di! Li di: “Lachè ak san pa t revele w sa, men Papa M ki nan Syèl la te revele w sa. E sou wòch sa” (revelasyon espirityèl de sa Pawòl la ye) “M ap bati Legliz Mwen; e pòtay lanfè yo p ap janm sekwe L.” Madanm li p ap tante ak lòt gason. “M ap bati Legliz Mwen, e pòtay lanfè yo pa janm ka souke L.”

²⁷⁰ Epi Abèl ak Kayen, nan jaden Edenn lan. Kayen te trase pwòp konsepsyon pa l, li te di: “Bon, gade, Bondye se yon bon Bondye. Li domine tout lanati, kifè m pral pran pwa yo ak pòm detè, e m pral pran flè yo—yo, e m pral fè yon lotèl vrèman bèl pou Li.” Sa se legliz. Li te mete ajenou. Li te kwè Bondye. Li te adore Bondye, li te leve men l, epi li te ofri sakrifis sa. Li te fè tout bagay relijiye ke Abèl te fè.

²⁷¹ Abèl te bati menm kalite lotèl la. Men lè Abèl te pote pa l la, li te pote yon ayo. Bon, Kayen te panse sa, fè yon antidòt pou peche, paske papa l ak manman l dwe te manje fwi, jan yo te anseye yo nan jaden sa. Men Abèl, pa revelasyon Divin, te konnen ke se te san an ki te fè sa. Pa yon revelasyon Divin! Epi Bib la di nan Ebre, chapit 12 la, chapit 11, ke, “Abèl, pa lafwa,” (revelasyon) “te ofri Bondye yon sakrifis ki pi ekselan pase Kayen, pa sa Bondye te temwaye ke li te jis.” Èske se vre? Amèn! Frè, sè, li jis klè menm jan ke nenpòt bagay ka ye, pou mwen. Men tout bagay la.

²⁷² Kounye a sou *Maryaj Ak Divòs* la, ou wè, li dwe revele. Jiskaske li revele, ou pa konnen l. Men Li te pwomèt nan dènye jou sa yo, nan laj sa a, ke tout mistè kache nan Bib la t ap revele. Konbyen moun ki konn sa? Apokalips, chapit 10 la! Jezi te pwomèt li, ke tout mistè kache sa yo sou—sou *Maryaj Ak Divòs*, tout lòt mistè kache sa yo ki te la, t ap revele nan tan lafen an. Kounye a nou sonje, Vwa a te di: “Ale Tucson.” Sonje Limye

mistik nan syèl la? setyèm Anj lan ki te kanpe la? m te retounen, epi te gen ouvèti Sèt So yo. Gade kisa k te pase. Sa se vre.

273 Kounye a ann avanse jis yon ti kras pi lwen. Men kounye a, tandè! Mwen konnen tan ap rive pou n al manje, men m jis ap byen manje.

274 Remake, kounye a, fanm lan gen plas li, e li se yon bijou. Salomon, nonm sa a ki te gen di mil madanm . . . oswa ki te gen mil madanm, pito, li te di ke: “Yon nonm ki jwenn yon madanm, jwenn yon bon bagay.” Li di: “Yon bon fanm se yon bijou nan kouwòn li,” sa se yon lonè. “Men youn ki enjis se dlo nan san li,” sa se vi l. Li di: “Petèt gen yon nonm jis ke yo jwenn sou mil,” Salomon te di sa: “men,” li di, “ou pa t ap jwenn yon fanm jis sou mil.” Salomon te di sa, ou wè. Kounye a remake sa, ke jan sa ye.

275 Men, ou wè, fanm, ou se—ou se yon bijou si w vle pou w yon bijou, men dezi a dwe soti nan ou. Epi nou wè poukisa *Maryaj Ak Divòs* la te la, ke Jezi te pwente dèyè laba, se te paske espès ou a te lakòz tout peche. Se pou rezon sa a poligami ak divòs, ak tout bagay, te entwodwi. Nan kòmansman an li pa t janm konsa, e li p ap konsa nan mond lòt bò laba a.

276 Gade Jakòb, kote patriyach yo soti. Li te gen omwen yon douzèn madanm. Li te marye ak de sè, e li te gen konkibin anplis de sa, fanm li t ap viv an konkibinaj avèk yo. E patriyach sa yo te ne drèt pa fanm konkibin sa yo. Èske se vre? Ou wè, ou dwe fè Pawòl la dewoule nan amoni.

277 O, mwen gen paj plen sou sa. Si yon manm klèje ta janm poze m kesyon sou sa, epi nou ta reyini ansanm, nou te ka pale sou sa. Men se sèten, si l gen nenpòt espirityalite nan li, li ka wè drèt la se Laverite. Pa gen okenn kesyon sou Sa.

278 Yon bon fanm se yon bon bagay. Mwen konn sa. Mwen konnen sa pa vrè fanm yo. Mwen rankontre vrè fanm ki otantik, jis reyèl menm jan ak nenpòt gason ki janm foule tè sa.

279 Manzè se yon sou-pwodwi ak yon pati nan li, e nan chit la li te koute manzè. Li jis . . . Manzè se yon pati nan li. Men, sa depann de li, li fèt pou l ka enpi, e yo ba li dwa pou l refize oswa aksepté. Sa kontrè ak nati orijinal la nan kòmansman an, ou wè, men men li isit la.

280 Kounye a li midi, kifè mwen pral jis kite yon bagay isi a pou kèk minit. Mwen vle mande nou yon bagay.

281 Kounye a, sonje, mwen di sa jis pou gwoup mwen an sèlman. Epi sa yo k ap koute byen lwen, m ap di sa sèlman a pwòp moun kap swiv mwen yo. Mesaj sa a se pou yo sèlman, e sa m pral di a la a.

282 Nenpòt minis, li menm, se pou li, wi, li se bèje twoupo a, kite l fè kèlkeswa sa li vle a. Sa depann de limenm ak Bondye. Nenpòt prèt, nenpòt predikatè, sa depann de ou, frè m lan.

283 Mwen sèlman ap pale isi a nan Jeffersonville, nan sèl kote mwen tap pale sa, se paske se pwòp twoupo pa m. Se twoupo ke Sentespri a ban m konprann pou m siveyan li, e L ap rann mwen responsab pou sa. E moun pa m sa yo te konvèti isi a soti toupatou nan peyi a, ke m te kondwi bay Kris. Epi, timoun piti yo, mwen isi a pou m ede nou, e mwen se zanmi nou. Nou ta ka panse m pale kont nou; m ap di sa, ou wè, pou byen nou. Mwen renmen nou. E si se pa vre, se Bondye ki Jij mwen. Nou konnen mwen renmen nou.

284 Sa a se yon bagay ki fò anpil anpil, mwen pa t konnen ki jan pou m pote l. Kisa m pral fè, lè m gen gason ak fanm ki chita nan kongregasyon mwen an, kèk nan yo te marye de fwa oswa twa fwa? Bon gason ak bon fanm, yo tout nan konfizyon! Kisa k te fè sa? Fo ansèyman, egzaktèman, nou pa ret tann Seyè a.

285 “Sa Bondye mete ansanm, pa kite pèsonn separe l.” Se pa sa lòm te mete ansanm; sa “Bondye” te mete ansanm! Lè w gen yon revelasyon dirèk nan men Bondye, se madanm ou, e menm bagay la, se pou ou, pou rès vi w. Ou wè? Men sa lòm mete ansanm, nenpòt moun ka separe. Men sa Bondye mete ansanm, pito pa gen okenn nonm ki oze manyen l. “Kèlkeswa sa Bondye mete ansanm,” Li di, “pa kite pèsonn separe l.” Se pa sa kèk majistra mwaye sou oswa yon lòt bagay mete ansanm, oswa kèk predikatè retwograd ak yon pakèt kredo nan yon liv, ki ta pèmèt yo fè nenpòt bagay nan mond lan, e Pawòl Bondye a lonje drèt la. Ou wè? M ap pale de sa Bondye te mete ansanm.

286 Kounye a mwen pral di nou sa. Mwen fè anpil atansyon a sa m ap di nou. Se pa vle m vle rèd avè nou moun yo. Se pa vle m vle rèd avè nou, frè pastè m yo. Se pa vle m vle sa. Men mwen responsab, m reyalize ke sa te lage nan men m, e si . . . M pa ka kenbe L, e m pa konn kijan pou m bay Li, e m konnen ke bann sa pral . . . O la la, m ap jis pare, biwo a louvri, paske sa pral vini. Ou wè?

287 Jis tankou sa te ye sou *Semans Sèpan an*, men li pwouve absoliman ke l kòrèk. Mwen gen papye drèt la, ki soti nan jounal la, kote fanm kounye a menm . . . e menm nan—nan gran . . . Kèk nan gran dyosèz yo gen foto orijinal la, yon koulèv k ap rale sou janm yon fanm, epi jis nan fason l antoure l; li gen tout kalite sansasyon ak bagay, yon bagay yon nonm pa t ap janm ka pwokire l, ak kokenn koulèv sa a ki vlope l la, e latriye. Sa se egzaktèman laverite. E l pral pi mal epi pi mal, epi l ap vin pi mal. Sèpan, ke li pa t ye . . . li pat ka gen relasyon seksyèl avè l lè li te yon sèpan, men sonje . . .

288 Mwen t ap fè yon deba lòt jou a ak yon . . . pa yon deba, jis yon minis Asanble de Dye ak yon asosye, li di: “Ou gen tò, sou Sa.”

Mwen di: “Ebyen, mwen ka sa. Mwen ta renmen pou ou di m.”

289 Li te di apre sa, li te avanse epi li kòmanse pale sou sa. Premye bagay ou konnen, li vin pèdi limenm. Epi yon sèl bagay li te di, li te di: “Frè Branham, kote espès sa ye? Bondye te di ‘youn nan chak espès.’ Kounye a ki kote espès sa a ye ou te di ki te ant lòm ak bèt, ke lasyans pa ka jwenn kounye a? Ki kote l ye?” Li di: “Èske li sou tè a? Èske li te yon chenpanze?”

290 “Non, paske san yon chenpanze p ap melanje ak yon fanm, okenn lòt bèt p ap melanje avè l. Non, sa p ap fèt, nitou espèm yon nonm p ap melanje ak—ak femèl la. Sa p ap mache.”

291 “Alò kote sèten bèt sa ye? Kounye a, Bondye te di: ‘Se pou tout bagay pwodwi dapre espès li.’”

292 Mwen te tann jis yon minit. Epi dousè Sentespri a te di: “Di l: ‘Li isi a.’”

Kounye a, dabò mwen te di: “Ebyen, li ka vin disparèt.”

Li di: “Men, Frè Branham, sa, n ap pale de Pawòl la, se pa vre?”

293 Mwen di: “Wi, mesye.” Epi mwen di: “Yo, natirèlman, pretann ke lòt bagay yo, tankou dinòzò yo ak—ak mamout yo, e latrye, mamifè yo, oswa mamout yo, pito, yo disparèt, e latrye.” Mwen di: “Sa te ka sa.”

294 Li di: “Frè Branham, n ap pale de prèv Pawòl la. Si peche isi a, alò, peche orijinal la, li ta dwe isi a tou.”

295 E m te di: “Seyè Jezi, Ou di: ‘Pa panse a sa w va di lè w vin devan lòm, paske y ap ba ou l nan lè sa a menm.’ Seyè, kisa m va di?” Li di: “Di l, ‘Li isi a.’” Jis menm jan an, mwen wè vizyon yo sou lestrad la.

296 Mwen di: “Li isi a,” m pa t konnen ki kote.

Li di: “Ki kote?”

E anvan m te ka menm panse, Li di: “Se sèpan an.”

297 Se egzakteman sa l te ye, paske li pa yon bèt ankò. Li te modi epi mete sou vant li pou rès jou l yo. Li isi a. Èske se vre? E toujou nan zak sa ke li te fè a, toujou gen menm peche a ki ajì toutotou yon fanm, tankou sèks mal la konsa. Men kote li jwenn kondisyon je l yo vin vire lanvè ak bagay sa yo, lè li gen sansasyon l yo ki pi lwen pase sa nenpòt nonm te ka janm fè.

298 M ap rete la paske nou nan yon foul moun melanje. M pral reyini kèk mesye, m pral . . . nou pral pale plis sou sa. M gen tout papye jounal yo ak bagay ki poze drèt la, drèt nan men m kounye a, e mwen ta pral pote l ban nou maten an. Mwen ta pral pran tout jounen an nan sa, men m pral fini kounye a nan di sa.

299 Sa se pou legliz mwen an sèlman. Se pa legliz mwen an . . . Ti twoupo ki kwè m lan e k ap swiv mwen an, sa se pou yo.

300 Lòt jou a, mwen konnen ke lè m di nou nenpòt bagay, li dwe ENSI DI SEYÈ A, alò mwen te gen Lèzekriti yo jan Li te revele l ban mwen. Men, “Seyè Bondye, kisa m ka di kongregasyon sa?

M pral gen separasyon. Nonm pral chita sou galri a epi deyò nan lakou a, ak tout lòt kote: ‘Èske m dwe kite l?’ Medam yo: ‘Èske m dwe kite mari m?’ ‘Kisa m dwe fè?’” Mwen di: “Seyè, kisa m ka fè?”

301 Yon Bagay te di m: “Monte laba nan mòn lan, epi M ap pale avè w.”

302 Epi pandan m te anwo nan mòn lan, m pa t konnen ke anba nan Tucson yo t ap wè Li. Men menm pwofesè yo te rele timoun yo nan . . . ti fi m lan avè yo, nan klas lekòl la, epi li di: “Gade laba nan mòn sa a! Gen yon Nyaj koulè anb ki sanble ak dife k ap monte anlè a epi k ap retounen desann, k ap monte anlè a epi k ap retounen desann.”

303 Madam Evans, èske w isi a? Ronnie, ou la? Mwen tounen desann bò estasyon an, jenn gason sa a bò estasyon gaz la, estasyon gaz Evans yo la. E anvan m te konnen kisa ti gason an ta pral di, li te pran m pa sipriz, li te di: “Frè Branham, ou te anwo nan mòn sa laba a, pa vre?”

304 Mwen di: “Kisa w vle di, Ronnie? Non,” ou wè, pou m wè kisa l ta pral fè. Anpil fwa bagay yo rive, mwen pa, ou pa di moun sa. Li vin . . . Bagay la se ke, nou wè tèlman anpil k ap pase, li vin òdinè pou nou. Ou wè? Mwen jis pa di moun yo. Mwen di: “Ronnie, kisa w te . . .”

305 Li di: “Mwen ka montre w kote w te ye a menm.” Li di: “M te rele manman, e nou te kanpe isi a epi nou te gade Nyaj sa ki pandye laba a, ap monte desann. Mwen di: ‘Se dwe Frè Branham ki chita la yon kote. Sa se Bondye k ap pale avè l.’”

306 Epi tout vil la, moun yo, te gade Li. Nan yon jou byen klere ki pa gen okenn nyaj okenn kote ditou, ak gwo Nyaj koulè anb sa a ki pandye la; k ap desann tankou yon antonwa, epi retounen epi ap layite.

307 Zanmi, e apre sa m ap fini, nou ka ale apati de sa. Se lè Sa t ap revele ban mwen, sa m pral di nou kounye a menm, kifè pa rate L.

308 Kounye a m ap pale ak moun k ap swiv nou yo sèlman, k ap swiv mwen epi Mesaj sa sèlman, pa sila yo ki deyò a. Rann mwen temwayaj sou sa devan Bondye. Jis pou gwoup sa sèlman!

309 Kounye a yo jwenn nou nan dezòd sa poutèt yon teyoloji ki mal entèprete. Èske se vre? Se poutèt sa noumenm fanm yo ki marye dezyèm fwa a, ak nou menm mesye yo, poutèt yon teyoloji ki mal entèprete. Kounye a mwen vle montre nou yon bagay ke Li te di m.

310 E si Bondye, Kreyatè nou an, yo te poze L kesyon an lè Li te isi a sou tè a, Jezikri; e lè pwofèt liberatè L la te vini, Moyiz, laba a nan peyi Lejip, pou fè timoun yo soti nan—nan peyi Lejip, pou mete yo nan tè pwomès la; e Jezi te di la ke Moyiz te wè pèp la nan kondisyon sa, e li te akòde yo yon lèt divòs, paske sityasyon an

te sa l te ye a. Moyiz te jwenn sa konsa, tankou: “Ke li pèmèt . . .” Bondye te pèmèt Moyiz, pwofèt sa yo te voye bay pèp la, akòde yo lèt divòs sa.

³¹¹ Epi nan En Korentyen, chapit 7 la—la, vèsè 12 ak 15 lan, nan pwofèt Nouvo Testaman an, Pòl, ki te rankontre menm bagay la nan legliz la, e ki te di sa: “Sa se mwen, pa Seyè a.” Se vre? Akoz kondisyon divòs yo.

³¹² “Se pat konsa depi nan kòmansman an.” Men Moyiz te pèmèt sa, e Bondye te rekonèt sa te jis. E Pòl te gen yon dwa tou, lè li te jwenn legliz li nan kondisyon sa.

³¹³ Kounye a nou kwè Sa a se laverite, e kwè Li soti kot Bondye! E pa konfimasyon Nyaj Li a ak Mesaj Li a ki te mennen m jouk la a, èske Bondye sou mòn lan pa ta dwe pèmèt mwen fè menm bagay la, pou pèmèt nou kontinye fason nou ye a, epi pa fè l ankò! Ale ak madanm nou yo epi viv anpè, paske li fè ta. Vini Seyè a pwòch. Nou pa gen tan pou mete bagay sa yo moso pa moso. Piga nou oze eseye fè l ankò! M ap pale sèlman ak kongregasyon m lan. Men si w marye . . . E Bondye rann mwen temwayaj de sa, sou mòn lan, ke mwen te ka di Sa, yon revelasyon sinatirèl, poutèt Sèt So yo louvri, e sa se yon kesyon nan Pawòl Bondye a. “Kite yo kontinye e, jan yo ye a, epi pa peche ankò!”

³¹⁴ “Li pat konsa depi nan kòmansman an.” Se vre, li pat konsa, e li p ap sa nan fen an. Men nan kondisyon modèn yo, antan ke sèvitè Bondye . . . Mwen p ap rele tèt mwen pwofèt Li; men mwen kwè petèt, si yo pa ta voye m pou sa, m ap pare yon teren pou li lè l vini. Kifè nan kondisyon modèn yo, mwen kòmande w pou al lakay ou, ak madanm ou kounye a. Si w kontan avè l, viv avè l, elve pitit ou yo nan avètisman Bondye. Men ke Bondye gen pitye pou ou si ou janm fè sa ankò! Anseye pitit ou yo pou yo pa janm fè yon bagay konsa, leve yo nan avètisman Bondye. E kounye a ke w jan w ye a, annou ale kounye a, nan aswè byen ta ke n ap viv ladann lan, epi “annou prese mache nan direksyon mak gran apèl la nan Kris,” kote tout bagay pral posib.

³¹⁵ Jouk mwen wè nou aswè a, se pou Seyè Bondye a beni nou, pandan n ap priye.

³¹⁶ Seyè Bondye, nou di W mèsi. Nou ba Ou lwanj. Ou se menm gran Jewova ki te pèmèt Moyiz. Moyiz, sèvitè sa, e kisa li ta di pèp li a? Epi, Bondye, Ou te pèmèt li bay yon lèt divòs. Pòl, gran apot la ki te ekri Nouvo Testaman an, menm jan Moyiz te ye pou Ansyen an. Moyiz te ekri Lwa yo ak yon dispansasyon pou lwa yo. Anpil nan pwofèt yo, pawòl yo te enjekte nan Li, men Moyiz te ekri Lwa yo. E Ou te pèmèt yon lèt pou li, pou ekri yon lèt divòs pou yo, poutèt kè yo di.

³¹⁷ Gran Sen Pòl la, kòm ekri Nouvo Testaman an, te ka fè yon deklarasyon konsa tou, ke, “Mwen pale nan kondisyon sa yo; Mwenmenm, pa Seyè a.”

318 Se konsa l ye jodi a, Seyè Bondye, nan fen mond lan, kòm nou isi a anba mizerikòd Bondye, nou konnen ke byento nou pral reponn nan Prezans Li. E ke Ou te fè tèlman anpil, Seyè, mwen sèten, nan je moun sa yo, yo va kenbe fèm sou Sa tankou Li soti nan Ou. Epi pou rann temwayaj isi a jodi a, pou anpil moun ki chita isi a ki te menm wè Siy sa a anwo sou mòn lan, kote Zanj Seyè yo te vini nan toubiyon an, kote sa te vini nan sèt Zanj yo, kote revelasyon Sèt Mistè yo te devwale; e te gen menm Zanj sa, nan menm direksyon an, sou menm mòn lan, jou Sa te revele a!

319 Bondye, mwen priye ke moun yo pral lakay yo etan rekonesan ke Bondye te akòde gras sa a ba yo. Mwen te sèlman pale L, Seyè, avèk pèmasyon. E mwen sèlman di Li avèk pèmasyon, Seyè. E ke moun yo si tèlman rekonesan ke yo p ap janm eseye fè peche sa ankò! E ke yo pa janm eseye fè okenn peche, men renmen W ak tout kè yo. Seyè, fè fanmi sa yo kontan, e ke yo grandi epi leve pitit yo nan avètisman Bondye.

320 Paske, Mesaj mwen an ki te sou kè m lan delivre, Seyè. M te fè tout sa m konnen kijan pou m fè. E Satan te goumen avè m pandan plizyè semèn, ak plizyè èdtan san dòmi. Men kounye a mwen kòmande Li, Seyè, bay moun sa yo, ke yo etidye Li, epi ale epi viv pou Ou. Akòde l, Seyè. Sa pa sou zepòl mwen yo kounye a. Yo nan men W. Mwen priye ke Ou va beni yo.

321 Beni mouchwa sa yo, Seyè, ki fèk mete la, pou malad ak aflije yo. Ke sware sa a se youn nan pi gran, sware pwisan, ke tout moun yo va geri. Akòde l, Seyè. Beni nou ansanm.

322 Ke nou ale anpè, kè kontan, ap rejwi, paske Bondye kreyasyon an te montre nou “depi nan kòmansman an,” e li te lonje ban nou, nan dezòd nou ke nou ye a, gras Li ankò, nan dènye jou sa yo. O Bondye Gran epi Etènèl, ala nou remèsye W pou sa! E ke kè nou sitèlman kontan, ke nou p ap janm gen yon lòt dezi pou peche kont Ou. Nan Non Jezi. Amèn.

Mwen renmen L, (Poukisa ou pa ta dwe renmen

L?) Mwen renmen L

Paske Li te renmen m an premye

E Li te achte sali mwen

Sou Kalvè a . . .

323 Mwen di l kounye a konsa minis yo va konprann. Sa se pou sila yo ki swiv Mesaj sa sèlman!

324 O, èske nou kontan? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Mwen di nou Laverite, ENSI DI SEYÈ A, nèt ale! [“Amèn!”]

325 Kounye a annou kanpe epi leve men nou, pandan n ap chante l ankò: “Mwen renmen L.” Mwen renmen L pou gras Li. Mwen renmen L pou mizerikòd Li. Mwen renmen L pou Pawòl Li. “E Pawòl Seyè a te vin jwenn pwofèt yo!”

Mwen . . .

326 Vini non, frè. Kontinye. 

65-0221M Maryaj Ak Divòs
Lekòl Segondè Parkview Junior
Jeffersonville, Indiyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papey kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org